ТӨЛЕПБЕРГЕН МӘТМУРАТОВ.

# АРЗЫЎ ШӘМЕНИ

*Қосықлар ҳәм поэма*

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" БАСПАСЫ
НӨКИС-1981

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақстан Ленин комсомолы сыйлығының лауреаты, талантлы шайыр Төленберген Мәтмуратов поэзия ышқыпазларының сүйип оқыйтуғын шайыры. Оның китап оқыўшыларға усынылып отырған „Арзыў шәмени“ атлы топламына жаңа жазылған қосықлары менен „Урыс дәртлери“ атлы поэмасы жиберилип отыр.

Топламға кирген ҳәр бир қосық өзиниң көркемлиги ҳәм терең мәнилилиги менен оқыўшыға ой салып, кеўлин толып-тастырады.

$-\text{М}\ \frac{70403}{\text{М}-357(04)-81}\ 4702250000$

©„Қарақалпақстан“ баспасы 1981

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ПИКИРЛЕР ДУНЬЯСЫ

## ЛЕНИН ҚАЛЕМИ

Владимир Ильич аппақ кеўилин
Ақ қағазға аппақ сүт пенен жазған.
Ҳадал өмир ушын арнап өмирин,
Ойлар ағысына дәрьялар қазған.

Қурал-жарақ емес әскер асынған,
Лениннин қалеми алар дуньяны.
Оның излеринен нурлар шашылған,
Рухый дуньямның аппақ қырманы.

Өмир жолларына сәўлесин шашып,
Октябрьден баслап уллы сәнени,
Инсанның ығбалын китаптай ашып,
Жаңа дунья ашқан Ленин қалеми.

Дуньяда алымлар көп екен дерсең,
Бирақ, Ленин исмин бийик қойыңыз.
Кремльде Ленин қалемин көрсең,
Оның ушларынан сүйип қойыңыз.

## ЎАТАН

Сен бөлек емессең, сен мениң тәним,
Арнайман өзиңе ҳәрне барымды.
Мудамы менликсең, сенликдур жаным,
Сүйемен таўланған дәрьяларыңды.
Дәрьялардай тасқын муҳаббат пенен
О, әзиз ўатаным, сени сүйемен.

Сен булақсаң берген ҳал-дәрманымды,
Лениннин ўатаны—бул мениң елим.
Қойнында гүўлеген орманларыңды,
Асқар таўларыңды сүйемен сениң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Асқар таўдай бийик муҳаббат пенен,
О, әзиз ўатаным сени сүйемен.

Қудиретли ўатаным қушақларында,
Сүйемен шалқыған шалқар теңизди,
Көлеңкени қуўған түс ўақларында—
Сүйемен жап-жарық қуяшыңызды.
Қуяштай жап-жарық муҳаббат пенен,
О, әзиз ўатаным, сени сүйемен!

Сүйемен сүйсинип ўатанласымды,
Шөллерде қулпырған жас бағларыңды,
Сүйемен сендеги ҳәрбир пасылды,
Тып-тынық жулдызлы аспанларыңды,
Аспандай гирбиңсиз муҳаббат пенен,
О, әзиз ўатаным, сени сүйемен!

## НУР ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

Ойлар едик сууды суйық деп,
Ойлар едик тасты суўық деп...
Еле биз билмеген терең көп,
Еле биз билмеген бийик көп.

Сууўдан от шығады, япырмай,
Тастан от шығады, япырмай,
Өмир деген жалын екен ғой,
Лаўлап жанып турған отындай.

Радийде от бар қарасаң,
Торийдеде от бар, қарасаң,
Онда ҳәрбир адамның өзи
Қуяшпа деп ойлап қаласаң.

Суў бар жерде жанар нурларым,
Нур бар жерде жанар ығбалым.
Ҳәр бир адам бир қуяш болса,
Суўымаўы керек дүньяның.

## ПҮТИНЛИК

Жалғыз өзим жасағанымда,
Шықпас еди меннен шайырлық,
Ҳәтте ҳәрбир босағанында
Аўырлығы маған аўырлық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бахтым бәлент емес басқадан,
Ким муңайса, менде муңайдым,
Дәртлескенде кеўлин ашпаған
Досларымды саннан шығардым.

Шайыр ел-журтына әменгер,
Көп демейди хызмет-пайын,
Дәртиң аўыр болса, маған бер,
Қосығымды зар жылатайын.

Өзим бөлек, үйим де бөлек,
Басқалардан бөлек отырдым,
Кийип жүрген, кийим де бөлек,
Бирақ, бөлегимен пүтинниң.

Сонлықтан да адамларға мен
Ҳақ кеўлим менен қуладым,
Журт шалқыса-көклерде төбем,
Қайғысына бирге жыладым.

Күлкисине есимнен таныл,
Мүсийбетин бирге бөлистим,
Тойларында жүрдим қуўанып,
Рязанлы достым орыстың.

Аўа мен де журтлар сыяқлы,
Қарапайым қарақалпақпан.
Планетаның мына Жер атлы
Тағдийирине мен де ортақпан.

Мен шайырман, сонлықтан да мен
Ортасына урдым жәбирдиң.
Сақпан да мен, палақпан да мен,
Жер аўырса, мен де аўырдым.

## ТАСЛАРДЫҢ ГӘЎҲАРҒА АЙЛАНҒАНЫНДАЙ...

Коммунизм деген
Нурлы түсиник,
Уллы келешектиң
Босағасы ол,
Инсан өмириниң рәўшаны ҳәм



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әрман шыңларының
Ушабасы ол.
Онда жоқ өтирик,
Онда жоқ жала,
Онда жоқ жүзегей,
Онда жоқ парашыл.
Коммунизм деген
Пүткиллей жаңа:
Ол жоқ етеди
Кеўиллердиң аласын.
Коммунизм деген—
Гүллениў демек,
Өсиў демеклик ол
Пәстен жоқары.
Оңы гүллән адам
Әлпешлеў керек,
Ол планета бәҳәри,
Инсан бәҳәри!
Жоқтан пайда болған
Нәрсе емес ол.
Демек ол жоқ болып
Кетпейди ҳеш ўақ.
Тамырын ол
Маркстиң жүрегинен алады,
Әне соннан баслап,
Бизиң күнлеримиз арқалы,
Өз кәмалына
Жетип барады.
Коммунизм деген—
Ержетиў тахты,
Демек ол—
көлеңкениң азайып,
Жақтының
көбейген ўақты.
Көлеңкеге ерип
жүрмейди инсан.
Бизге жол көрсетер
Мудам жақтылық.
Инсан коммунаға — —
Бара алады.
Жақсылық жолында
сап турып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Онда адамлардың
Ойы жаңарып,
Жүреди
өзимшиллик ауырыуы менен
ауырмай,
Ҳақыйқый инсанға
айланар адам
Таслардың
Гәуҳарға айланғанындай.
Коммунизм деген—
Мәзи бир қыял емес
Фантазия менен
әкелетуғын.
Ол жақтырмайды
Дәуиримиздеги
Гейбир адамлардың
қуулығын,
Адамлар сум болса,
Кеуилинде
мин болса,
Коммунаны кешиктиреди,
Өзин-өзи алдайды,
Инсан әрманының бийигине,
Жете алмайды.
Шыным бул!
Коммунаға
Кеуиллердиң
Пәклиги керек,
Мағызы керек билимниң.
Математиканың
қысқартыу жолындай
Еле көп қысқартып,
Өшириу керек кесирди.
Сөйтип, тезлетиңлер,
адамлар,
Коммунаға өсиуди!

*1973-жыл.*

## ЛЕНИН ҲӘМ ГЕРБ

Айтылажақ усы сөздиң төркини
Зор мәни аңлатар файласуф ушын;



www.ziyouz.com kutubxonasi

Совет герби әкелинген бир күни
Лениниң алдына ойласық ушын.

Гербке салынған орақ-балғамыз...
Гербке салынған қылышты көрген,
Бул емес бизлердиң эмблемамыз,—
Деп Ленин қылышты сызып жиберген.

Бизиң гербимизде сол ўақтан берли,
Қушақласып турар орақ ҳәм балға,
Бизиң кеўлимизде сол ўақтан берли,
Шашақланып турар бир бийдай бәўда.

## КУЛКИ ДЕГЕН МУЛКИ БАР

Қарақалпақтың неси бар,
Ең қымбатлы журты бар,
Кеўилиниң хошы бар,
Күлки деген мүлки бар.

Отырғанды думандай,
Жек көреди қарекең,
Ўаҳаҳасын аспанға
Жеткереди қарекең.

Күлмесе аўзы қышыған,
Күлмесе келмес уйқысы.
Кеўилиниң мушынан
Туртип турар күлкиси.

Күлиў ушын бирлесип,
Жәмленисип алыстан.
Бирин-бири излесип,
Басқыласып табысқан.

Жылағанша күлисип,
Кеўиллерден шаң ушар,
Басқыласып көрисип,
Басқыласып дағысар.

Бир күлисип алмаса,
Дыйқан салы ормайды.
Ўаҳаҳасы болмаса,
Қарақалпақ болмайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Шифонери толмаса да кийимге,
Болмаса да киснеп турған тулпары,
Болар ҳәрбир қарақалпақтың үйинде
Сейтнияз устаның соққан дуўтары.

Ол дийўалда қонақ келгенге дейин
Илдириўли турар мақпал тыс-қапта,
Төмен түсип қонақ келгеннен кейин,
Гүмбирлеп қосылар ол да ўақ-шаққа.

Бизиң елде қонақ атаңнан уллы,
Қонақ келсе сам-саз турған төр күлер,
Қонағы келмесе дуўтар да муңлы,
Қонақ келсе ақтарылып шертилер.

* * *

Адам көзден қапылса,
Қармаланып отырса,
Шырасының сөнгени,
Жург сүйгенди ол сүймей,
Өзин сүйип, ел сүймей,
Муҳаббаттан қапылса,
Қуяшының сөнгени.

## АНА—ЖЕРДИҢ ГИЯСЫ...

Ана—жердиң гиясы
Нур сүйгеннен өседи,
Назбай гүли, лаласы
Күн сүйгеннен өседи,
Ана Ўатан ҳүр Ўатан,
Бәримизге бир Ўатан,—
Сен сүймей я мен сүймей,
Ким сүйгеннен өседи?
Көкте турса зер куяш,
Муҳаббатта бир қуяш,
Ана—Ўатан жамалы,
Сүйсең сулыўланады.
Муҳаббатсыз жалынсыз.
Мың сүйгеннен өспейди,
Шын сүйгеннен өседи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Беккем зат жоқ адамнан бөлек,
Тоңдыра алмас қақаман қыс та,
Беккем зат жоқ адамнан бөлек,
Күйдире алмас мың градуста.
Суўық зат жоқ сөзлерден басқа,
Бир сөз бенен адам суўыйды.
Ыссы зат жоқ сөзлерден басқа,
Бир сөз бенен адам ерийди.

**КАТАҢ ЖЫЛЛАР ЕДИ...**

Мурса болмай урыстан соң „уҳI“ деўге,
Ғалаба атланып туўылған елди,
Урыс зәлелинен қайта тиклеўге,—
Қатаң жыллар еди урыстан соңғы.

Алҳа-алы, баса-басы, қыйқыўы
Кемитип арқайын, бийғам уйқыны.
Ғалма-ғал көбейткен өмир толқыны,
Қатаң жыллар еди урыстан соңғы.

Ол ўақта халқымыз жүдеген дәўир,
Зилдей жүк мойында, беллер де аўыр.
Жүк тасып атлар да көп болды жаўыр.
Қатаң жыллар еди урыстан соңғы

Қолларымыз кетпесе де қазықтан,
Халқымыз тарығып, кийим азықтан,
Аяқлар сырқырап, қоллар мажыққан,
Қатаң жыллар еди урыстан соңғы.

Талай жумыс қалған еди писендей,
Орақлар да өз ўақтында тиселмей,
Аўырлық мойында турды күшендей.
Қатаң жыллар еди урыстан соңғы.

Урыс оты сөнседағы дақ қалды,
Талай жап-салмалар сайызлап қалды,
Жаңа қазыўларға халқым атланды,
Қатаң жыллар еди урыстан соңғы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қула дүзде жатып, отқа нан қалап,
Жаңадан жарылып, Есим, Марқа жап.
Тоңларын шығарған сыртқа арқалап,
Қатаң жыллар еди урыстан соңғы.

Қазыўшылар қапталында дүмшеси,
Белбеўинде зағарасы, гүлшеси,
Уллы иске енип күши, диңкеси,
Қатаң жыллар еди урыстан соңғы.

Ағалардың ерки полаттан деймен,
Талай беллер сынды тоңларға тийген,
Халқым қайыспады, қайысты сүймен,
Қатаң жыллар еди урыстан соңғы.

Ҳәзир сол жаплардан суў ағар ҳарлап,
Бойында елатлар көтерер саўлат,
Жағалықта турып айтаман ҳәрўақ,
„Қатаң жыллар еди урыстан соңғы"...

Бағларды ҳәм арналарды жаңартқан,
Мектеплерди ҳәм үйлерди ағартқан,
Елимниң бетинен сөйтип дақ артқан.
Қатаң жыллар еди урыстан соңғы.

## БИР ТАМШЫ ШЫҚТЫ КӨРДИМ...

Жүрейикте ўатанды толтырып биз,
Ол сениң шалқыўыңда, йошарыңда,
Қушағында болғаның жеткиликсиз,
Болыў керек ол сениң қуўшағыңда.

Кеўил кирсиз болсын дә көк булытсыз,
Жүректен ўатанды сүй, деген менен,
Жүрек пенен сүйиўде жеткиликсиз,
Сүйиў керек оны пүткил денең менен.

Болмайды кийик шөлсиз, шөл-кийиксиз,
Ўатан деген инсанның салтанаты.
Ол қанатың болғаны жеткиликсиз,
Болыўыңда керек ғой сен қанаты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир адам қайда барар көпшиликсиз,
Бир тамшы шықты көрдим таң ишинде...
Сен ишинде болғаның жеткиликсиз,
Жасаўы керек ол да жан ишинде.

## САҒЫНҒАНДА

Сағынғанда, сықылсыз
Сулыў болып көринер.
Сағынғанда, жақын жер
Бурыў болып көринер,
Сағынғанда қара қыз
Аппақ болып көринер.
Сағынбасаң, ақыллы,
Ахмақ болып көринер.
Сағынғанда журтыңның
Бәри гүл боп көринер,
Сағынбаған адамға,
Бәри бир боп көринер,
Сағынғанда өз үйиң
Бейиш болып көринер,
Сағынбасаң, әйтеўир
Қоныс болып көринер,
Сағынғанда, сүйгениң
Таўыс болып көринер,
Сағынбасаң, әйтеўир
Таныс болып көринер.
Сағынғанда, өз балаң.
Алтын болып көринер,
Сағынбасаң, ол саған,
Салқын болып көринер.
Сағынғанда, бәри де
Тәўир болып көринер,
Туўыспаған адам да
Баўыр болып көринер.

## ЖАҚСЫ

Жақсылар ҳаққында сөзди қозғайын,
Сулыўлар көп бир-биринен жақсы.
Ана жерде өсип турған назбайым
Ғайры елдиң сулыў гүлинен жақсы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хоширей көрк қызықтырмас кимлерди,
Гүл демеймен маған алыс гүллерди,
Түн демеймен шадлығы көп түнлерди,
Түним басқа журттың күнинен жақсы.

Қызлар мийнет еткен жазы-қысында,
Заманы бар қанат байлап ушыўға.
Болса да ашыўы мурны ушында,
Сүўреттей пәкизе периден жақсы.

Ирети келгенде айтайын шынын,
Шадлық неге дәркәр халық билмейтуғын,
Азаплы ләззетим, мазмунлы муңым
Биймәни күлкиниң бәринен жақсы.

Сора меннен „аўҳалыңыз нешик?" деп,
Жаным пидә күни-түни қосық деп.
Дос үйинде тийсе болады есик бет,
Ол маған душпанның төринен жақсы.

## ҚАҒАЗ ҲӘМ ҲӘРИП

Қағаз ҳасыл болмас ақлығы менен,
Ҳәрип изи менен болар баҳалы.
Ол жасара алар гәп гүли менен,
Жазыў оның абырайы, сақалы.

Ақ қағаз да ашылмаған пар таўдай,
Из түспесе сам-саз болып турғаны,
Гүңелектей ҳеш нәрсе де айталмай.
Қара ҳәрип ақ қағаздың ығбалы.

Қағазлардың тағдийири де ҳәр қыйлы,
Ойлы-бәлент болар өмир жоллары,
Бетлерине сөз түспесе жартыўлы,
Қара ҳәрип ақ қағаздың сорлаўы.

* * *

Биреў санар өзин бип-бийик,
Турса да аспанның астында,
Не қыламыз сонша ҳоппыйып,
Бизлер адамбыз ғой ҳаслында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Билсең де сен адам жумсаўды,
Аяқ асты қылма оны сен.
Төбелерге көтер инсанды,
Болма және оның қулы сен.

* * *

Кеўиллерди мүмкин муз етиў,
Ақ қағазды мүмкин шыжбайлаў,
Ең аңсаты: журтты сөз етиў,
Ең қыйыны: журтты қызғанбаў.

Мүмкин журттан жақсы кийиниў,
Мүмкин қыялларды ушырыў.
Ең аңсаты журтқа сыйыныў,
Ең қыйыны: журтқа түсиниў.

Машинаға қосық жаздырыў,
Мүмкин көп нәрсени дөретиў,
Ең аңсаты: сөзден бездириў,
Ең қыйыны: сөзди зер етиў.

Жетиў мүмкин жасап ғаррыға,
Шығыў мүмкин бирге сейилге,
Ең аңсаты: жүриў алдыңа,
Ең қыйыны: қайтыў кейинге.

## ШӨЛ БҮЛБИЛИ

*Бердақ бабаға*

Қыя шөлде қалған дараққа қонып,
Бир бүлбил сайрайды муңлы намасын...
Сол көринис гейде түсиме енип,
Тыңлайман бүлбилдиң таныс ҳаўазын.

Оның ҳаўазында ғазеп, әламат,
Үмит қараңғыда күлип турады,
Уйтқыған даўылда келген қамалап,
Бир нәпес тыңлаўға тынып турады.

Бирақ, тыңланбайды бүлбилдиң зары,
Даўыл қутырынып, үргин үреди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шатырлап дарақтың қуў шақалары,
Бүлбил әтирапында шырлап жүреди.

Даўыл топылады ғайбар күш болып,
Дарақлар шақасы сынып шуўлайды,
Турсадағы қарлы боран қыс болып,
Бүлбил сол дарақты көзи қыймайды.

Дарақтың қаншама болды қурбаны,
Даўыл жулқып, шөл әптабы күйдирер,
Барлығына төзим берип турғаны
Бүлбилди сайратар ҳәм де сүйдирер.

Ол сайрар, көзинде үмит жаслары,
Қуўраған дарақтың жасарыў пайтын.
Дараққа жаўылған жапа таслары
Саҳра бүлбилиниң гүжитер дәртин.

Шөл әрўағы отлар шашып қорлайды,
„Мынаў қонған дарағының сыйқы“ деп,
Оннан сайын ол дарақты жырлайды,
Оннан сайын сести шығар гүркиреп.

Аспаннан сел, буршақ таслар жаўса да,
Қасында пәрмана болып жүреди,
Ол сайрайды; „Азап шекти-аў қаншама!
Қашан бул дарақтың жазы келеди!?“...

Бағлы жерде бәри бүлбил болыпты,
Ким сүйсинбес бағқа, өтсе тусынан,
Саҳрада сары бүлбил болыпты,
Ҳәммесинен аўыр болған усыған.

... Сол қуў дарақ ҳәзир шақалы нәрўан,
Жайнап күтип алар таңның шуғласын.
Еслейди бүлбилди жыршысы болған,
Гүўлейди сөз етип сол бир муңласын.

### НЕ АЎЫР ...

Не аўыр дүньяда? Ата-анадан
Есин шала билип жас қалған аўыр.
„Не аўыр дүньяда?“ десе, шамадан
Зат жоқ шығар дедим таслардан аўыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аслардың салмағы бизге мудам жат,
Басыңнан не кешти, сөйле адамзат.
Болар ма көзжастай сирә ҳадал зат,
Не бар көзден аққан жаслардан аўыр?

Жерди кайыстырған тас емес, көз жас,
Адам жыламаса, жер қаддин бузбас,
Азап-уқыбетте жасаған жүз жас,
Ғыжлаған қозларды басқаннан аўыр.

Дийдар қадирлидур инсаниятқа,
Миллион манат бир достыңнан зиятпа?
Дослық бойға жеңилликдур, бирақ та,
Ҳәмелпараз бенен дос болған аўыр.

Келер бирим-бирим ойлар нәўбети,
Кеўлинди гүллетер дослар сәўбети.
Көп ишинде бир жаманның минлети
Он сәккиз мың әлем—аспаннан аўыр.

## КОММУНИСТЛИК БИЙИКЛИК

Тазалық қосығы мудам есимде,
Айтқым келер қолларыма саз алып,
Дүньядағы тазалықлар ишинде
Ең ағласы коммунистлик тазалық.

Бийиклик қосығы мүдам есимде,
Биз Ленинди ҳүрметлеймиз турып тик,
Дүньядағы бийикликлер ишинде
Ең ағласы коммунистлик бийиклик.

## ШАЙЫР ТӘБИЯТЫ

Ҳадаллық деп айрыларман жан достан,
Наҳақлыққа күйип-күйип өтермен.
Мен халықтың үстинен қарай алмаспан,
Бирақ та өлгенше сүйип өтермен.

Дуўрылық жолында мен кишиирсем де,
Үлкен болмадым деп ҳеш налымаспан.
Таза кийимиме дақ түсирсем де,
Ҳүждан сарайыма шаң жуўытпаспан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Достым, жүрегиме жара салсаң да,
Қорықпа, жүрегиңе жара салмаспан,
Кеўилде муң сақлап жасай алсам да,
Кеўил де кир сақлап жасай алмаспан.

Мен ала алмаспан бузық ақылды,
Жолымнан шатасып ессиз қалсам да.
Достым сындыраман „қыйсық шақыңды",
Бул аспан астында доссыз қалсам да.

Сен шыққан бийикке шыға алмаспаң,
Журтқа ҳәмирим жүрмес, бирақ, умытпа,
Пәсте, деп күлме сен, мен ҳадал болсам,
Бийик бола аларман пәсте турып та.

Жәбирлей алмаспан жаны ҳадалды,
Ол ушын өзимди қыйнай аларман.
Гейбир тасбаўырдай жақсы адамды
Мен қорлай алмаспан, сыйлай аларман.

Ўатаным —кең мазмун өмириме ол,
Ўатаным—анамдай әзиз гүлбағым,
Орден тақпаса да өңириме ол,
Орден деп билермен берген ығбалын.

Адамға аңқ етип мен алданарман,
Қашанғаша жүрер адам сақ болып.
Жарлы болсам да мен арлы боларман,
Мен жасай алмаспан жарамсақ болып.

Мен де карапайым сиздей, адамлар,
Данкым да тарамас, бәлки гәп болып,
Жасай алмасам да болып ҳәмелдар,
Мен жасай аларман азамат болып.

Жан бере алмаспан ҳәркимди сыйлап,
Қаяғына болсын бийшара бир жан.
Сәл нәрсеге емес, Ўатандай қымбат,
Нәрселерге жанды етермен қурбан.

### ЖУРЕК

Жасамайсаң, жүрек, арқайын,
Жүкленеди аўыр жүк саған,
Жүрегим мениң ҳәрдайым
Дәрья көпирине усаған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көпир яңлы түсер оған да.
Бул дүньяның аўыр салмағы.
Өтер оннан изи узилмей,
Әрман кәрўаны,
Граниттей қатты болмасаң да,
Сен беккемсең, жүрегим.
Ар-намыс деп ҳәрқашанда
Азап шеккенсең, жүрегим.
Аяғыма батқан тас
Саған батты. жүрегим,
Көзлеримнен аққан жас,
Саған батты, жүрегим.
Көп тармақлы дәрьядай,
Салалы болды, жүрегим,
Жәбирин көрип журтлардың,
Жаралы болдың, жүрегим.
Сен менин жапакеш жалғызым,
Өмирдиң ашшылығы да,
Жаманның жаманлығы да
Жақсының жақсылығы да
Саған түседи, жүрегим.
Табыттың аўырлығыда,
Саған түседи, жүрегим,
Сен барлығын көтерсең мәрдана,
Сен арқалы болып жүрмиз зор бала.
Көтериўим мүшкил таўларды,
Сен таўдай қайғыны көтересең,
О шаппаттай жүрегим,
Сен денеме бағыш еттиң жыллылық,
О, эптаптай жүрегим!
Бир туўылған батырлардың жүреги,
„Ер жүрек“ деп айтылмаған бийкарға,
Сен арқалы шыққан жоқ па алымлар,
Сен арқалы шыққан жоқ па титанлар?,
Еллер гезген самалларда дем алар,
Адамлар да дем алар,
Мийнеткеш қолларда дем алар,
Саяқлар да дем алар.
Аяқлар да дем алар,
Өсеклер де дем алар, —
Өсеклерден жалыққан,
Қулақлар да дем алар.
Дем алмайсаң,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен тынбадаң жүрегим,
Сен дәрья сй тынбасаң,
Дәрья киби
толқынлайсаң, жүрегим.
Жаўларға тастай жүрегим,
Досларға мамық жүрегим.
Досларға қайғы болмай ма,
Босамаса жүрегим.
Душпанға жайлы болмай ма,
Тас болып
Жасамаса жүрегим?
О, жапакеш жүрегим,
О, пидәкер жүрегим.
Жаса, жаса жүрегим,
Мен де сениң өзиңдей
Мийнеткеш боп жүрейин!

* * *

Елден артық болған жоқ,
Елден артық қорған жоқ,
Ел дегениң—муҳаббат,
Муҳаббатта жалған жоқ,
Муҳаббатсыз адамда,
Сықыл бар да, дәрман жоқ,
Муҳаббаттың отына
Жанып өтсең әрман жоқ.

## КӨЗ ЖАСЛАР

Көзжаслар,
Көзжаслар...
Иштен щығарады дәртиңди олар,
Бирақ, болады екен ҳәрқыйлы олар,
Өтирик күлкилер болғаны яңлы,
Өтирик көзжаслар болады.
Өтирик көзжаслар музлап турады,
Ғазебиңниң қайнап турғаны яңлы,
Ырас көзжаслар—
Ҳәр тамшысы қоздай ғыжлап турады.
Еримеймен душпанның көз жасына,
Мен ушын ол суўықлық,
Көз жас емес, еки тесиктен



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ағып турған суйықлық.
Бундайларды бирәдар,
Не қылыўға болады.
Ыссы қушақ, ыссы көз жас,
Жақынында болады.
Досларымның көзжасына,
Ықласына ериймен,
От шығады, шын дослықтан,
Ҳасыл тастан, төрийден,
Бир-бирине баўыр басқан адамлар
Бүйтип жақын уяласқаң болар ма?
Халқыңның жүрек-баўыры
Мумиядай ерисе,
Еки көзи-шамшырағы жыласа,
Жыламастан болар ма?
Гей ўақлары:
Ырас көз жасларға да
Қарайман мен жеркенип,
Еки көзи баратса да өртенип.
Болса дағы ҳаналас,
Аямайман нәмәртлердиң көз жасын,
Олар ҳәргиз ели ушын жыламас,
Ойлап жылар өз басын.
Ондайлардың көзлерине қоз басың!
Болады екен:
Жәдигөйдиң көз жасы,
Болады екен;
Бийкар аққан көз жаслар,
Бурынлары билмейтуғын едим мең.
Мен сыйлайман сыйласам,—
Көзжасларды
Ели ушын төгилген.

* * *

## „Сол жулдыздай ол маған алыс"

*М. Ю. Лермонтов.*

Я тоба, дүньяда түрли адам бар,
Биреўи қонсы биреўи таңыс,
Қасында жүрсе де бундай адамлар,
Кеўиллер арасы жулдыздай алыс.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизди таныс етип тағдийр алжасқан,
Қанша сөйлессең де қаўышпас гәпиң.
Бундай яр-дослардан, бундай жолдастан
Жулдызлар, жулдызлар мың есе жақын.

## ШЫДАМЛЫЛЫҚ

Болады өмирдиң жазлары, қыслары,
Түрли нәрсе болар турмыста.
Бизлер қус емеспиз досларым,
Жазда болып, кететуғын қыста.

Биз көнемиз бул өмирдиң
Суўығына, әптабына да...
Бунын ушын иретинде
Ҳақымыз бар мақтаныўға да.

Биз көнемиз бул өмирдиң
Ашшысына, дущшысына да.
Жасап өтемиз кеўилли,
Шыдап тағдир қысқысына да.

Айнытажақ болар бизди,
Тағдир сынап көрип жүр.
Адам—
Полат болып түсип отларға,
Қайта полат болып жүр.

Ўатан сезими қай ўақта да
Бизди сақлап турады.
Турақсызлық ақыллыны да
Ақмақ қылады.

Өз балаңның басқалар сүймейтуғын
Қылығы да сүйкимли.
Өз үйиңниң—Ўатаныңның
Суўығы да сүйкимли.

Болады өмирдиң жазлары, қыслары,
Түрли нәрсе болар турмыста.
Бизлер қус емеспиз, досларым,
Жазда болып. кететуғын қыста.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизде де қанат бар, қустай ушып
Қашыў ушын емес, ушыў ушын.
Ҳәрдайым қаттылыққа қасарысып
Өсиў ушын.

Ҳәрдайым ана-жерге
Садық болып жасар адамлар.
Жасасын бәлелерге
Үстем келетуғын шыдамлар!

## ГҮЛДИР-ГҮЛДИР КИСНЕР ЖӘНИЎАР

Бедеў байлаўлы тур қазықта,
Дәрья ҳарлап ағар жанынан.
Шаўып кетсем дейип жазыққа,
Гүлдир-гүлдир киснер,жәниўар.

Сарқып ушып, қурысып мәслик,
Қус тодасы көкте ағылар...
Мойнын созып, теклерге шаншып,
Гүлдир-гүлдир киснер жәниўар.

Басқа атлар шапқан ўағында
Өз үйирин ол да сағынар.
Делебеси қозып оның да,
Гүлдир-гүлдир киснер жәниўар.

Ат ийеси кешикти бүгин,
Геўгим түсти, алмады хабар.
Кетсем дейди жибин сүйрегип,
Гүлдир-гүлдир киснер жәниўар.

Сүйер еди шабыўды сондай...
Кеткен еди атасы үйретип.
Таңға бейим тахаты болмай,
Қазығында кетти сүйрегип.

Жарысларда баўырын төсеп,
Бәлки шаўа-шаўа сабылар...
Ертең жаңа жарысты күсеп,
Гүлдир-гүлдир киснер жәниўар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЯНЫШ

Тисим түсип, жети жасқа толғанда
Аяныш сезими менде оянды.
Белбуўардан далаға қар жаўғанда
Аяр едим тоңады деп қоянды.

Балалық гезлерим, еле жас ўақтым...
Қарамас едим мен сықыл-сыйқыма.
Далада жабыўсыз қалған баспақты
Ойлай-ойлай кетер едим уйқыға.

Даўыл турса „жылар еди“ сора да,
Гүзде жаўын қуяр еди нөсерлеп...
Ойлар едим: „ҳүўлеп турған қорада
Сыйырымның күни қалай кешер?“ деп.

Самал ызылдаса, орнынан турып
Анам қымтап қояр еди көрпемди,
Тастай қараңғыда көзимди жумып,
Ойлап жатар едим жагал серкемди.

Ҳайўандай ыңырсып, улыйды самал,
Шуўлар еди аўылымның тереги.
„Таллар тоңбайма?“ деп беререм саўал,
Анам: „тоңбайды ғой, балам“ дер еди.

Енди аяз болса, генжетай балам
„Таллар тоңбайма?“ деп сорар қайтадан.
Оның аяғанын аяғанымнан,
„Яқ, таллар тоңбайды“ деп мен айтаман.

## АНТЕЙ*

Дүньяның тайнапыр батырлары да
Жыйналып жығалмай өткен Антейди.
Себеби, ол жерден бәркулла
Өзине куш-қуўат алыпты, дейди.

---

* Антей—әййемги грек мифологиясындағы теңи-тайы жоқ батыр. Ол жерден таўсылмас күш-гайрат алып турған. Сонлықтан оның аяғы жерден көтерилмей турса, ҳешким ҳешқандай күш оны жеңе алмаған (Т. М.)



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизлерде сол уллы Антей сыяқлы
Тамырласып турмыз ана-жер менен.
Биз жерден аламыз мудам қуўатты,
Сонлықтан ҳешким де жеңип көрмеген.

Табанымыз беккем тирелген жерге,
Жасаймыз бәрқулла оннан нәр алып.
Сонша қудиретли қара күшлер де
Аяғымыз астында өлер оралып.

ТӨРТЛИКЛЕР

* * *

Бул дүньяда көп болады қубылыс,
Жолығасаң даўылға да, қарға да,
Адам болып қалыў деген қыйын ис,
Адам болып қалыў керек сонда да.

* * *

Жаман адам гейде жақсы ат алса,
Алтын ерди ешеклерге салғандай.
Жақсы адам жала менен шаталса,
Ақ мәрмерди әжиўалап қойғандай.

* * *

Ирилик ҳаққында айтсам бул ирет,
Ирилик адамды безер сонш ама,
Атом майдаланса, сонша қудирет,
Адам майдаланса, сонша бийшара.

* * *

Жеңилтектиң жеңил гәплери
Ақыллыға аўыр тийеди,
Ақыллы адам ҳасыл гәплерин
Жеңилтекке айтса күйеди.

* * *

Майыстырман талдың шақасын,
Таллар аўырсынады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөкпең адамның атасын,
Жанлар аўырсынады,

* * *

Жақсы дейин десем биреўди,
Пәс қылығы еске түседи,
Жаман дейин десем биреўди,
Жақсылығы еске түседи.

* * *

Кеше сезимлери топырды көрдим,
Бәри қапылып тур оның алдында.
Бүгин еки көзи соқырды көрдим,
Жаҳан ашылып тур оның алдында.

* * *

Бир тонна алтының болғаннан гөре,
Бир мысқал уятың болғаны артық.
Бир жаман жолдасың болғаннан гөре,
Бир жақсы нийетиң болғаны артық.

* * *

Биреўлер болады сондай жупыны,
Руўхы бай ҳинжи—маржан аралас,
Биреўлер болады жақсы кутими,
Қанша ҳасыл кийсе, сонша жалаңаш.

* * *

Той болған жерде де аза болады,
Жарылқаў бар жерде жаза болады,
Бир—биринен қашып жүрген жигитлер
Ақыр аяғында бажа болады.

* * *

Тиршилик болмайды жерде
Суў болмаса, қуяш болмаса,
Ал, ҳаўасыз бийшара бенде,
Санай алмас ҳәтте онғаша.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сондай зият адамнын қуны,
Көп адамлар буннан хабарсыз,
Адам менен адамның күни,
Жасай алмас адам адамсыз.

*5-Июль 1974-жыл.*

* * *

Таўлар уллы болған сайын,
Қарлы болар төбелери,
Қуяш уллы болған сайын,
Нурлы болар дөгереги.

Дәрья уллы болған сайын,
Ағыслары ийримлирек,
Адам уллы болған сайын,
Мийримлирек,
Таўлар уллы болған сайын,
Думан жайлар,
Адам киши болған сайын,
Гүман жайлар.

Адам киши болған сайын,
Кеўлинде нур кемирек,
Адам уллы болған сайын,
Көркемирек.

* * *

Мийнетсиз даңқлардан дәме етпе сен,
Мийнеттиң мийўасы душшы болады,
Жер ийменди маңлайдан тер төкпесең,
Маңлай тер деген де ашшы болады,

Абырайлы болыўды кимлер күсемес,
Ҳәмме оның нағыз досты болады.
Жақсы болыў деген аңсат ис емес,
Жақсы да жаның жеп жақсы болады.

## НАМЫС

Инсаныйлық деген бийик минардан,
Сизди қарсы алсын намыс қуяшы,
Болса да кийимиң ала-шубардан,
Болмасын кеўилдиң ала-ғуласы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўатанның намысы теңдей бәршеге,
Адамлар уғыңлар бунның мәнисин.
Ар берилмес қырық мың қызыл берсе де,
Бирақ, жан берилер намыс-ар ушын.

Ар-намыссыз болыў пәсликке дәрек,
Ар намыслы болыў саўлат көтериў,
Алтын сақлап өлиў-қул болыў демек,
Намыс сақлап өлиў-байрақ көтериў.

Бүлбиллер сайрасын кеўил бағында,
Дос-яран, туўысқан, жақының ушын.
Ўатанды қадирлен тири ўағында,
Өлгенде уялмай жатыўың ушын.

* * *

Қызғанып-ақ сени биреўлер,
Кемитеди жақсы баҳаңды,
Солғын тартар түрли иреңлер,
Тарылтады сөйтип жаҳанды.

Қызғанып ақ сени сумлықлы,
Тағып жүрер гилең жаман ат.
Ашпай қояр гейде түңликти,
Мәс болады пақыр соған ақ.

Барлық истиң болады кейни,
От өшпесин үмит шырадан,
Түсинбесин мың адам мейли:
Тек түсинсе болды бир адам.

Тек түсинсе болды бир адам,
Еси пүтин, ақыл тоқтатқан.
Саған артық болар ол адам,
Мың қаўпектен, миллион ақмақтан.

Түсинбей ақ сени адамлар
Кеўилиңди аңламас терең,
Иретинде сени жаманлар
Өсекшиниң айтқаны менен.

Илимпазлар бир жуўмақ ушын
Изертлеўлер жүргизсе мыңлап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жорығандай биреўлер түсин,
Баҳа берер сыртыңнан тыңлап.

Адамларға баҳа берер де
Жалған сөйлеп баўырын тилмең.
Жулдыз жайнап турар төбеңде,
Адамлар да жулдыз ғой күлген.

## БЕРДАҚ

Журтқа тийген таяқ батып жанына,
Жапакештиң жаны болып сызлады.
Ким тийсе халықтың намыс-арына,
Сексеўилдиң шоғы болып ғыжлады.

Кеўили қоныс болды толы журт-елге,
Туўылған үлкениң қушағы яңлы
Сөзлерин ел ядлар түсирмей жерге.
Ашлықтағы нанның усағы яңлы.

Үлкен дәрьяларды болар байлаўға,
Нәўпир сөз дәрьясын тыйып болмайды.
Халқымның кеўлинде асқар таўлар да
Бердақтай уллы ҳәм бийик болмайды.

Шайыр халық әрманын шебер торлапты,
Халық Бердақта, Бердақ халықта билемиз.
Жүз жыллар бойына сүйдик Бердақты,
Мың жыллар өтсе де және сүйемиз!

## РУС ТИЛИ

Мениң тилим бай болса да киши ол,
Түсиниксиз түрки тилден бөтенге,
Рус тили-мениң дилмаш кусым ол,
Рухымды жеткереди жаҳанға.

Рус тили көп тиллердиң жүреги.
Бул тилде сөйлейди өнер, илим де.
Мениң халқым киши емес себеби.
Бердақ сөйлеп атыр рус тилинде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Гейде өтирик сөйлеп турғаным ушын,
Қамеклей үзилген бир қаўын ушын,
Биреўдиң баласын урғаным ушын,
Жуўап берер едим атам алдында.

Терген туратугын атам жок енди,
Ел исинде көрсетпесем төбемди,
Дүзиў усламасам қолда қалемди,
Мен жуўап беремен ҳүждан алдында.

Кем ҳәрекет қылған қолларым ушын,
Жүрип өте алмаған жолларым ушын,
Ўатан азаматы болғаным ушын,
Мен жуўап беремен Ўатан алдында.

* * *

Өкпелеп қаламыз ҳақыйқат сөзге,
Ништерин жүрекке таяп сөйлесе,
Инанып қаламыз жалған көп-сөзге,
Шынлықтың бояўын бояп сөйлесе.

Жалатайлар алдайды қызды,
Былпытады шала мәс қылып,
Алдап кетер душпанлар бизди,
Зәҳәрге пал араластырып.

УЛЛЫ

Ашық болып бир-бириңди көргенде,
Ол саған уллы дур, сен оған уллы.
„Сүйемен" деген сөз қадир билгенге
Қаншама антлардан „олла" дан уллы.

Достым, дүнья ақылыңнан тысқары,
Тил буўынсыз, сөз сөйлеме ушқары,
Көп болса жигиттиң жақын достары,
Оның кеўли тасқын дәрьядан уллы.

Ана таклетли дур күн ырасында,
Зербарақ нурларын бәрҳа шашыўда,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жулдызлар айланар айланасында,
Инсан ушын ана дүньядан уллы.

Өлгенсоң билинер қадири атаның,
Жемисли гүзиң ол, гүлли бәҳәриң,
Минсең мойын болар, сүйенсең тауың,
Перзент ушын ата „алладан“ уллы.

* * *

Бул заманда көктей гүркиреген көп,
Өмиримиз шадлы, усайды жазға,
Кеўилли зияпат, күлки деген көп,
Көзден жас аққанша күлемиз базда.

Бәрҳа бул өмирде жүрмедик тойлап,
Болады өмирдиң ашшы пәлеги,
Адамлардың аўыр тағдийирин ойлап,
Көзден жас аққанша қыйналсаң еди!

* * *

Гейбир сөзди болар муз деўге,
Гә от киби өртейди ол да,
Елди гезген бузық сөзлерде
Кеўиллерге урылған бомба.

Бузық атом ўулар ҳаўаны,
Бузық сөз уўлайды кеўилди,
Екеўиниң парқы шамалы,
Екеўи де шайқар толыңды.

Қашықлатар араны сөзлер,
Кеўиллерге қонар тозаңы,
Ақ етеди қараны сөзлер,
Адамзатты сөзлер бузады.

Ол урыстың зияны яңлы
Ҳәр кеўилде жатып парлайды,
Ол ядро қуралы яңлы — ———
Адамларға берер дәрт—қайғы.

Өтириктиң пәрдозы сөзлер,
Ҳақыйқаттың нусқаўы сөзлер,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адамзаттың яр-досы сөзлер,
Адамзаттың душпаны сөзлер.

Еки бәле, бизге ол мәлим,
Сөз соңында мениң айтқаным:
Атом бәлесинен қорғаның,
Сөзлер бәлесинен сақланың!

* * *

Мениң жаным өмир шайдасы,
Дәрья-дәрья әрманларым бар,
Кеўилимниң жасыл тайгасы—
Гүўлеп турған орманларым бар.

Дәрьялар да бийкәр таспайды,
Шөлистанға суў таратады.
Шайырлар да бийкәр йошпайды,
Кеўиллерге нур таратады.

Дыйқан жерди лалазар етер,
Шөл үстинен қуўар ғаплетти.
Көркем сөз кеўилди гүллетер
Шайырлар да дыйқан тақлетли.

Миннетдарман мен дыйқанларға,
Жасыл бағлар, жағыслар ушын,
Қастерлеймен мен де сөзлерди
Кеўиллерди нағышлаў ушын.

* * *

Гүллениў тилеймиз бәҳәр паслына,
Сылдырап суў ақсын жаптан ҳәр күни.
Тынышлық тилеймен аспан астына,
Болсын тек балалардың сүрен-шаўқымы.

Кеңислик тилеймен сағыйраларға,
Жүрсин жер үстинде тайдай шапқылап.
Достым, жол тилеймен алыс барарға,
Шаңарақ тилеймен және жақтырақ.

Тилегенге жақсы тилек табылар,
Жақсылық тилеймен үлкен—кишиге,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақсы нийет болсын ойындағылар,
Ең жақсы адамлар енсин түсиңе.

Усындай әжайып жақты заманға,
Жарасып гүллер де қулпырып турсын.
Үйиңде, дүзиңде, кеўилхананда.
Бәрҳама шағырайып күн күлип турсын.

Төбеңизде бахыт қуяшы парлап,
Қулпырған гүллерин сүйдирип өтсин,
Микробтай зиянлы иллетти бирақ,
Шыжғырған отына күйдирип кетсин.

* * *

Ойлар едим:
Майда жәнлик мүдамы;
Жүреди деп төменде.
Ким ойлапты шығады деп оларды
Бийик жайлар дегенге.

. . . Келип қалған нан гөрек те.
Чемоданға илесип,
Қандай жақсы бул бийик те
Турса тек те гүл өсип!

Тоғызыншы этажда.
Жүрген шыбын—ширкейлерди көп көрдим . . .
Әсиресе, нан гөректиң қыбырлап,
Жоқарыда жүргенлигин жек көрдим.

## БИЗ ӨМИРДИ ЖАРАТЫЎШЫМЫЗ

Биз өмирге қонақ емеспиз,
Отырмаймыз қолды қаўсырып.
Келешекке баратқан көшпиз,
Атыламыз көкке шаншылып.

Яқ, бизлерди өкинлирмейди,
Жыллардың өткинши екени.
Үстимизден өткен жыллар да
Бизге ырза болып кетеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көрсетиўши дәўир нышанын
Жайлар қалар сондай хош көрик,
Толы етип Ўатан қушағын,
Бағлар қалар—бизден естелик.

Ағып өтер қаншама суўлар,
Бизден қалар зәўлим зор қала.
Бизиң менен жасаған жыллар,
Тарийхларға кирер мәрдана.

Өмир ағып өтер арнадай,
Әўладлар өмиринде нурлаймыз.
Жыллар өтпес салтаң арбадай,
Биз жылларды уялдырмаймыз.

Мәңгиликке саламыз излер,
Жақсылықты таратыўшымыз,
Тамашагөй емеспиз бизлер,
Биз өмирди жаратыўшымыз!

* * *

Дүньяда сөзлер бар,
Сөйлегенде заўықлы.
Дүньяда сөзлер бар,
Атом бомбадан да қаўипли.

Билдириўи, күлдириўи жағынан,
Екеўи де бир—бирине тартыпты.
Атом да,
Сөз де
Талап етер қатаң тәртипти.

Тәртипсиз атом
Жандырады жердиң гүллерин,
Тәртипсиз сөзлер
Солдырады кеўил гүллерин.

Тәртипли атом
Нурхана болады,
Тәртипли сөзлер
Дурдана болады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БОЛМАЙДЫ

Жигит журты ушын жана билмесе,
Мың жақсы болса да ҳадал болмайды,
Кеўил китабынан нама билмесе,
Мың адам болса да адам болмайды.

Журт деген сыншығой, сағанәат тағар,
Пейлиңе ылайық тәрези табар,
Маған ҳарамлықтан басқасы жағар,
Сонлықтан жолымда думан болмайды.

Қарап турсаң аспанда да булыт бар,
Булыттың аржағында күн бар—үмит бар,
Адам мәңги муңға болмас гириптар,
Бүгин болған менен, мудам болмайды.

Бултлар көшип кетер, көкте күн қалар,
Жыллар өтип кетер, қыз ҳәм ул қалар,
Тасларда күш пенен ундай унталар,
Оларда адамдай шыдам болмайды.

Базында өзимнен-өзим безбесем,
Журт толы кемеге минип жүзбесем,
Өзимнен басқаны ақылсыз десем,
Онда меннен басқа надан болмайды.

* * *

Жақсыларға мудам бас урсам,
Жақсылықтың дәреги болар.
Бул жаман деп гей де қашырсам,
Оның да көп ҳәлеги болар.

Кемшиликлер кимде жоқ достым,
Гей биреўдиң ҳөнери болмас.
Дәртке даўа болмаса достың,
Достым деўдиң кереги болмас.

* * *

Достым, бул сөзимди қабыл ет,
Қулағыңа ғана айтайын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Зейиниңди салып сабыр ет,
Сезим толкынын да шайқайын.

Үйир болма жаман әдетке,
Ғыйбат сөзди айтпа сирә дә.
Досларыңды салма ҳәлекке,
Сөзден тайып жүрме күн ара.

## ИНКАРЛЫҚ

Барын айтып мақтанады көп киси,
Менде де бар: телевизор... бар бәри,
Сонда да мен көп нәрсениң жоқшысы,
Сонда да мен көп нәрсениң қардары.

Үй-жайым бар, дүнья-мүлким, балам бар,
Менде де бар журттағыдай ғалма-ғал,
Қайда барсам жарыларым адамлар,
Сонда да мен, сонда да мен кәммағал.

Араласам елдиң бағын, дүзлерин,
Шын дослыққа ынтықлығым бар мудам.
Адам болар, адам болар излерим,
Менде бираз нәрселерге жарлыман.

Қосылмайман биймәнилик ағымға,
Жақсылыққа жан берермен қулшынып,
Жаманлардан дәкки жеген ўағымда,
Жақсыларды ядқа аламан гүрсинип.

Доссыз дүнья қызықларын көрмеймен,
Дәртлеспесе дайым емес дайым да,
Мен—жарлыман, кеўиллерге шөллеймен,
Бәрҳа болғым келер сәўбет жайында.

Тәкаббырға қара тастай муздайман,
Мениң кеўлим кеўиллерден нур алар,
Мал-мүлкиңди айтпа, оған қызбайман,
Адам болсаң қолыңды бер, бирадар!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шапқыласып тау̌ басына шығайық,
Узаққа қарайық биз тиримизде,
Инкарлық жайында сәу̌бет қурайық,
Енисип кетейик бир-биримизге.

Бийтаныс жолау̌шы қайрыл бермаган,
Бизиң арамызға келиң шоштыймай,
Айып болмас таты̌улыққа зорлаған,
Кел, күтип алайын ески достымдай.

Көтеремен рюмканың толысын,
Шөллерге гүл, кеу̌иллерге нур питкей,
Адамларға талпынаман сол ушын
Шоққыларға пәру̌аз еткен бүркиттей.

Бизиң дәу̌ир дәу̌ирлердиң шоққысы,
Өз тилим бар, өз мәканым, бар бәри,
Сонда да мен көп нәрсениң жоқшысы,
Сонда да мен көп нәрсениң қардары.

Ынжылтса достымның иши тарлығы,
Жарлыландым суу̌ тилеген шөл кнби.
Ашылысса адамлардың барлығы,
Байыды деп жар салыңлар сол күни.

*24 Май. 1974-жыл.*

## НАН ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

Мениң анам нанның усағын,
Жерде көрсе, мени ғарғай сала,
Маңлайына тийгизип алдын,
Қояр еди соң маңлайшаға...

Бул мысалдан көп зат оқырман,
Берди анам усылай тәлим,
Соннан берли жерде жатырған
Нанды көрсем ашыйды жаным.

Писпей қалып бурын егинлер,
Сол нан ушын төгилген жаслар,
Ал, ҳәзирги гейбир келинлер
Нан усағын сыпырып таслар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаслар ушын берейин кеңес,
Бирақ, бул сөзимди тыңласын!
Нан усағы ыбырсық емес,
Нан усағы сыпырылмасын.

Адамлар көп ғурғын ҳалында,
Жаңа ўазыйпалар атқарар,
Нан усағын терип алыўға
Олар ески уғым деп қарар.

Жас әўладлар, қызым ҳәм улым,
Гөнерген жоллардан шығыңлар,
Бирақ, нанды әдиўлейтуғын
Жасасын сол өлмес уғымлар!

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАН ҚЫЙНАМАЙ ЖАНАНА ЖОҚ

(*Бир ғаррының айтқаны бойынша*)

Жан қыйнамай жанана жоқ,
Жан қыйнасаң үй боласаң,
Захмет шекпей зағара жоқ,
Дос болмайды сыйламасаң.

Нәкас қуры гәп болады,
Дүньяң барда тап болады,
Ағайиниң жат болады
Қатнасып сыйламасаң.

Журт жүрген жолдан өтпесең,
Қырын қарасаң, шетлесең,
Жаман адамды сөкпесең,
Сөгис алып қыйналасаң.

Келте қолың узармаса,
Ағайиниң қызармаса,
Сәлемиңди қыз алмаса,
Кеш егиндей жыйналасаң.

*8-ноябрь, 1971-жыл.*

## ЕЛДЕН ГИНА ТАБЫЛМАС

Аралап көр ел ишин,
Бәри саған бауырлас.
Берер саған қол ушын,
Бәри саған ауыллас.
Меннен гина табылса,
Елден гина табылмас.

Жатырқамас ҳешкимди,
Бәри саған қарындас,
Табарсаң көп достыңды
Излегенде габылмас,
Меннен гинә табылса,
Елден гинә табылмас.

Қонақ келсе үйине,
Дүньяға басы ауырмас,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөз жупласар жүйине,
Қосылыс та ғаўырлас,
Меннен гинә табылса,
Елден гинә табылмас.

Халықшыл дийдар сағынар,
Тарысшыл дийдар сағынбас.
Адамшыл көплеп табылар,
Меннен гинә табылса,
Елден гинә табылмас.

*7-ноябрь, 1971-жыл.*

## ЕРЛИ-ЗАЙЫПЛЫЛАР ҲАҚҚЫНДА

Аўып кетер бир жағы,
Тең болмаса тәрези.
Ерли-зайып деген де
Тәрезиниң дәл өзи.

Ойлап көрсек, бар екен
Ҳәр нәрсениң мөлшери.
Теңлеспейди еки жақ
Болмағанша сийсери.

Тәрезидей тең болмай
Үйлеспейди сөз анық,
Бир-бириңе қул болмай,
Аўып кетер хожалық.

Ашыў-араз болады,
Қаўып кетер ол күшик,
Киймесең бир жағаны,
Аўып кетер оңысық.

Болсын мейли министр,
Болсын мейли атшабар,
Келиншек те, күйеўде
Өз үйинде от жағар.

Хожалықты аздырар
Бир артық, бир кем салмақ.
Ойлап көрсек, жерди де
Услап турған тең салмақ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДИАГНОЗ

Сурниккенге басы айланбас онын,
Шалқайып өтеди басып қадемин,
Жолдасына жаны қыйланбас онын,
Шыжа-пыжа болар үзсең сәдебин.

Етиги сөтилсе ауырар бес күн,
Қабырған сөтилсе ол ушын бир пул,
Сатып дүнья қылар ҳақыйқат достын,
Қайдан шыққан бәле? Айтөссе, журтым!

Өмири шадлықта, жақсы турады,
Набада дус келип ишин ақтарсаң,
Өсекке қосылып „Волга“ шығады,
Ҳүжданды, уятты излеп таппайсаң.

Дәреже, абырай, мол дүнья ушын
Үстиңди жол етип кетиўге тайын,
Бундайлар болмағай ҳәргиз қоңысым,
Ҳәтте кәсиплес те етпе, қудайым!

Күншиллик ғуўлатар мудам шекесин,
Кеўлинен дослықтың қылдай жолы өтпес.
Тәбият бир ўақлар сезсе қатесин,
Бундай нәкасларды қайтып дөретпес.

Докторлар, айтайын бул „наўқас“ емин,
Диагноз қоялмай қыйналып жүрмен,
Пәленше аўырып келипти дегил,
Дәрисиз жазылып кетеди бирден.

* *
*

Дүнья дәртлеримди мениң қозғады,
Айтпасам кеўилге әрман емес пе?
Дүнья жаралғалы дүнья тозбады,
Устасы мұқыят салған емес пе.

Терек жапырақсыз саялы болмас,
Ойлай билмегенниң қыялы болмас,
Миллион жылдан берли инсанға жолдас
Бул дүнья миллиард жыл турған емес пе.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оҳо дүнья! есигиң жоқ, төриң жоқ,
Жүре берсем жүретуғын жолың көп,
Сен өлмейсең, сонлықтанда гөриң жоқ,
Мәңгилик өзиңе ҳәмдам емес пе.

Жулдызларың мегзер жайған тарыға,
Қой қыялым сен олай деп жорыма,
Жетип барсаң жулдызлардың жанына,
Тарыдай жулдызың жаҳан емес пе.

Ғарры зыр жууырар неге жас турып?
Аяқ төрге шығар неге бас турып?
Дүньядан сораман, дүнья тас қылып,
Еки көзин жумып турған емес пе.

Жақ дослар, буныңдай қыялға қашпаң,
Тарийхларға гүўа Жер менен аспан,
Көзи жоқ дүньяның көзлерин ашқан
Уллылар жаратқан заман емес пе.

Ата-бабам нени әрман етпеди!
Созса да шекпени дизге жетпеди.
Дәўлетсизди, дәўлетлиниң ийтлери
Түйениң үстинен қаўған емес пе...

Халқымның қатқан бир заманы келди,
Азатлықтың жупар самалы келди.
Жүйрик машинаға сол ийтлер енди
Қуры шабаланып қалған емес пе.

Тек адам қуўанып, адам сүймесе,
Тек адам қайғырып, адам күймесе,
Дүньяда дәрт жоқдур, достым, ийнеше,
Бул дүньяның өзи бийғам емес пе.

Ким әўел най етип шерткен қамысты,
Дүнья адам менен ғайрынағыслы,
Дүнья адам менен данқлы, даўыслы,
Дүньяның зибаны адам емес пе.

Қой кеўилим, енди сөзди туўарғыл,
Бул дүньяда қанша-қанша қуўандың,
Шыбығы сепсимей турса шынардың,
Ләззетбағыш әйлер нәрўан емес пе.

*1-декабрь, 1970 жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Мен саған ҳайранман, сен маған ҳайран,
Саған сирә жақпас кеўлимниң босы,
Өзим таўықты да соя алмайман,
Буншама мийримшил болғаным неси?

Сен маған ҳайрансаң, мен саған ҳайран,
Ешки баўызлайсаң, соясаң қозы,
Қуўалап атасаң көринсе жәйран,
Буншама мийримсиз болғаның неси?

*16-февраль, 1971-жыл.*

## ДӘРЕЖЕ

Мен ҳәр ўақыт қосық дәптерин
Әдиўлеймен бийдай нан киби,
Оның сөзи, оның гәплери
Жупар ийис болып аңқыды.

Оқысам да оны түнлерде,
Күндиз болып туйылды бәрҳа,
Қосық гәўҳар қадирин билгенге,
Жақтыртады ойынды бәрҳа.

Аҳ, шайырлар, тили наўалы,
Жалғыз жүрсем жанымда барсыз,
Узап кетсем ашып араны,
Журттан бурын сагындырасыз.

Кеўилиңиз ғазепке толып,
Таныттыңыз Гамлетти бизге,
Өзлериңиз „дозақта“ болып,
Қалдырдыңыз жәннетти бизге.

Шайыр кеўли мудам пәрўазда,
Шайыр емес ўақты бос болған,
Шайырлықты тахтқа алмаспа,
Қай патшаға шайыр дос болған?

Мен ҳәр ўақыт шайыр столын
Артық қойдым патша тахтынан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Себеп: оны ҳешким өш болып
Қыйрата алмас, буған жоқ гүнам.

Көп қыйралған елде тажы-тах,
Аты өшкен талай зордың да,
Көп патшалық кеткен шашырап,
Тек шайырлар қалған орнында.

Талай қылыш қалар зәң басып,
Өзгереди талай достың да.
Талай мәўсим келер аўмасып,
Тек шайырлар қалар постында.

Өзгереди талай ҳәмелдар,
Жан досларым, болсын есиңде;
Тек те мениң шайыр ағамлар -
Турар бийик дәрежесинде.

*Сентябрь, 1973-жыл.*

## ГЕЙПАРАЛАРДЫ ОЙЛАП...

Неге бәрҳа болмадым бөбек,
Неге ойнап жүре бермедим?
Мениң бундай деўиме себеп,
Бул өмирден бир заг серледим.

Адамларға жас берген сайын,
Аўыр жүкти арқалатады.
Бунысына биз бәрҳа тайын,
Мине мынаў баслы шатағы:

Ой-өристи өсирип бизиң,
Үйретеди түрли ҳийлеге,
Адамларды тилимиз узын
Қалдырады өкпе-гийнеге.

Жас ўақтағы гейбир досларың
Үлкейгенсон суўып кетеди.
Балалықта топ қуўса бирге,
Енди дүнья қуўып кетеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Неге бәрҳа болмадым бөбек,
Неге ойнап жүре бермедим?
Мениң бундай деўиме себеп,
Мен баладай досты көрмедим.

*1968-жыл.*

* * *

Гейбиреўлер шәлтийсе,
Намысыма ким тийсе,
Жақсыларға тил тийсе,
Меннен жаман адам жоқ.

Айта бермей алтынды,
Ҳүрметлесе халқымды,
Түсинсе тек дәртимди,
Меннен жақсы адам жоқ.

* * *

Артымда бийпайда күнлер қалыпты,
Мен соған еле де налып жүриппен,
Қашшан билген менен қырықбир ҳәрипти,
Көп нәрсени жаңа таныл жүриппен.

Жигит болмасамда турған ушқынып,
Қосық қонақлаттым қолға қус қылып,
Сөзди зер ете алмай, гүмис, мыс қылып,
Соның дәртлеринде жанып жүриппен.

„Қонақ-келсе кут" дейтуғын халқымдай,
Илҳам келсе, қастерлеймен алтындай,
Бағ ийеси бағман янлы тартынбай,
Қыйсық шақаларды шаўып жүриппен.

Сулыўлық дүньясы қызық—көргенге,
Аўыр қыйыстырып дизип бергенге,
„Илҳамды үркиткен түссин тергеўге",
Деген рәўият таўып жүриппен.

Жердиң жүзин тап өзиңниң жүзиңдей
Сақлаў керек ҳешқандай дақ түсирмей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дуньяның ийеси жалғыз өзимдей,
Салмағын мойныма салып жүриппен.

Талай күнлер бийкар өтти көшеде...
Мойныма жүк соннан қалған мәселе,
Гей ислерим ҳәселе де-пәселе,
Ылайын қайтадан қарып жүриппен.

## КУЛАҚ

(*ҳәзил*)

Болса да ол батыр тутқан қалқандай,
Кирип кетер қаңғымай сөз ҳәрқандай.
Тыңлай берсең ызылдайды шыбын да,
Жүрмесин ол жаман сөздиң ығында.

Қулақлардың аңы болсын жоқары,
Еситкен хабары болсын сапалы.
Тыңлай берсе жаман сөзди қызығып,
Ол қулақты таслаў керек дужырып.

* * *

Кеўлиңде қонбай ақ үйиңде қонып,
Саған баҳа берип кетер көп адам,
Ҳәр адамның өзи дүнья бир толық,
Ол емес қолдағы гөне чемодан.

Биз баҳа беремиз: жымыңлайды деп,
Көктеги жулдызды көрмей ақ шертип.
Гейбир адамларға „жуўырмайды" деп
Берген баҳамыз да болады шонтық.

Адамлар тағдири жулдызларға тең,
Ҳәрким алып жүрер сырттан баҳасын.
Серли болың, сыншым, не деген менен,
Асырмаң ямаса қуртпаң баҳасын.

* * *

Әпиўайы болсаң надан екен деп,
Мойнына шапшыйды гейбир кем ақыл,
Шыррық болсаң нағыз адам екен деп,
Алдыңда сөз айтпас онша намақул.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түрли адам менен болдым көп сырлас,
Қарадым турмыстың түрли жағына.
Әпиўайы болсақ журт мойынсынбас,
Менмен болсаң журт қашады тағы да.

Биле алмас адамлар болмай көреген,
Әпиўайы қосықтың ҳасыл екенин.
Жүрген жерлеримде айта беремен,
Менменлик дегенниң тәсил екенин.

* * *

Аўыр дейсең өмирди достым,
Жеңил болса кеўилиң тола ма?
Жеңиллерди сүйер тек жәрмес,
Аўыр бол деп үйрет балаңа.

Қызық дейсең өмирди достым,
Ал, қызықсыз өмир бола ма?
Қызықсызды сүймейди ҳешким,
Түсимсизди сүйген оңа ма?

* * *

Жаным сезип, жаным сезип барады.
Жолы қысқа сумлықтың.
Қатереге қараў болса талабы,
Кереги не шынлықтың?

Жаным сезип, жаным сезип барады;
Бир нәрсени айырдым:
Уйқастырыў болса текте талабы,
Кереги не шайырдың!

Жаным сезип, жаным сезип барады,
Қадири жоқ жаслықтың.
Досластырса ортадағы арағы,
Кереги не дослықтың!

*Декабрь, 1970-жыл.*

## ТӘЎЕКЕЛШИ

Тәўекел түбинде болар таяныш,
Батырларға берер един еншиден.
Тәўекелди қорқытпайды жол алыс.
„Қудай“ да қорқады тәўекелшиден.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қорқақлық дегениң-тесик қайықдур,
Тәўекелге „кетши“ демең, „келши“ дең.
Қыйын иске қушағыңды жайып тур,
„Қудай“ да қорқады тәўекелшиден.

Нийет қалыс болса, мәнзил жеткерер,
Сорап көриң көпти көрген елшиден.
Қорқақлықты ҳәтте қудай жек көрер,
„Қудай“ да қорқады тәўекелшиден.

### АДАМЛАР, АДАМЛАР...

Адамлар,
Адамлар,
Адамлар,
Қоздырын, бездириң дәртимди,
Маған көз қадаңлар, қадаңлар,
Көзлерде сырлар бар ҳәр түрли,

Қадаңлар,
Қадаңлар көзлерди.
Қараўдың ҳәр қандай парқы бар,
Көзлерден аламан сөзлерди,
Оларсыз йошларым сарқылар.

Сүйемен,
Күйемен әзелден,
Қараңыз, көзлерди талғызбаң,
Бир шетте қалсам мен нәзерден,
Йошларым қашады, жалғызбаң,

Жалғызбаң илҳамсыз жеккемен.
Сол ушын
Адамлар, адамлар,
Қадаңыз көзлерди от пенен,
Мийримли көзлерди қадаңлар!

## 2 ЭПИГРАММАЛАР

### ЖУЎҚЫЛДАҚҚА

Ол барлық жумысты ислер тил менен,
Қайтерсең найсаптың сөзге шешенин!
Нәрсеси жоқ яңлы оның билмеген,
Бирақ, иси көринбейди ҳеш оның.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол сайрай алады шақаға қонып,
Қуры сөзлер менен жумыс өсе ме?
Ол мегзер сақаллы адамдай болып,
Тек ийегин қамтылаған көсеге.

## ҚЫЙҚЫМҒА

Ҳәммеден артық ол турпатқа, бойға,
Дуўры қарай ғойса, арыслан тәризли.
Ислеген ислери соншелли майда,
Отыз бөлип берер алған қарызды.

Ҳәрекетлерине күлкиң келеди,
Тиси сынады деп алмайды тарақ,
Ислеген исине уйқың келеди,
Ҳәтте отырады семечка санап.

Турқын көрип арысланба деп қалдым,
Исин көрип-саўысқан ба деп қалдым.

## КЫЗҒАНШАҚ ГӨРҚАЎҒА

Ол сондай: иши тар, ҳәтте қыл сыймас,
Жаҳанға жайласқан жақсы дым сыймас.
Биреў билгир болса, ишин кир басар,
Жеген аўқаты да сиңбей былғасар.
Биреўдиң жақсы исин көрсе танысып,
Ҳәтте ишеклери қалар жабысып,
Иши толғанлықтан түрли ләттеге,
Ҳеш орын қалмаған жақсы гәпке де.
Ишине қыл сыймаса да усы дең,
Не бәлелер өткен оның ишинен.
Үлкен трубамекен дейсең ишеги,
Лимонадты лақылдатып ишеди.
Ҳәтте онда сондай үлкен рот бар,
Бирден сыйып кетер бутербродлар.

## СЫҚМАР АШКӨЗГЕ

Жумсалмайды алған буйымы,
Жата-жата тат басып кетер.
Қалтасынан шықса тийини,
Еки көзи атласып кетер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тура кашар кайда нырық болса,
Тек мут нәрсе алады айын,
Сондай ашкөз: егер мут болса,
Ҳәтте қурбақа жутыўға тайын.

## ӨСЕКШИГЕ

Жазда жайлаўдағы қоңызды көрсең,
Тезек домалатып тырбаңлар ҳәрўак.
Бурылып кетеди баска зат берсең,
Жүрер тезек пенен қосылып аўнап.
Пасықлар қоңыздай, дуўры бул шама,
Оларды ҳалық та жаман айтады.
Пасық адам қай жақларға барса да,
Қайтарында „тезек‘ алып қайтады.

## ЖАРЫМАС

Гәп болғансоң болар гәптиң төркини.
Төркин қуўалаған ҳәзге жарымас,
Ғарры деп ғаррыға күлиў күлкили,
Гейпара жаслар бар көзге жарымас.

Көп сөйлеген адам файласуф болмас,
Быжықлар ушырасса, ойласып болмас,
Талап деп талпынған бийнесип болмас,
Қуры қыялпараз ўәжге жарымас.

Болады дузсыз гәп, болады зер гәп:
Гейбир шайырларды оқырсаң тыңлап,
Ҳәмме болыў қайда Әжинияз, Бердақ,
Сонлықтан көп шайыр сөзге жарымас.

Кимниң күни өтсе қуры гәп пенен,
Айланыспай жәмийетлик мәп пенен,
Болсадағы ақ дийдарлы, ақ беден,
Журтқа қарайтуғын жүзге жарымас.

Не сөйлесе-бәри намақул болған,
Ақыллы гәпи де кем ақыл болған,—
Өтириги өсип қара қум болған.
Сөзи итибарлы гезге жарымас.

*1979-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАҢА ҚУЯШ

Миллион жылдан берли болса да қуяш,
Инсанның ығбалын ашқан жоқ еди.
Жулдыз шығатуғын аспан болса да,
Ығбал шығатуғын аспан жоқ еди.

Ленин көрди рабочий классты,
Ашыўы арысланның ашыўларындай,
Ол азатлық гүреслерге жол ашты,
Беккерель нурының ашылғанындай.

Рабочий класты барлық қатламнан,
Ғайбарлы, тирнекли, турақлы көрди.
Оның жүрегинде жанған отлардан,
Атом қуўатындай қуўатты көрди.

Дана көсемимиз Ленин бас болып,
Жудырықтай жәмленди рабочий класс,
Елде жаңа заман орнады толық,
Жаңа бир күн шықты, ол Ығбал-қуяш.

## АППАҚ ДҮНЬЯ

Әлемге аппақлығын таратқан аппақ дүнья,
Журт ықласын өзине қаратқан аппақ дүнья,
Көп кемелер ишинде бизиң ел ақ кемедей,
Ильичтиң улы Ленин жаратқан аппақ дүнья.
Қуяштай шашыратып аппақ-аппақ нурларын,
Жети ықлымның журтларын ояткан
аппақ дүнья.
Илими Айдан сөйлеп, сыр алған жулдызлардан,
Жаҳанға шуҳратин таратқан аппақ дүнья.
Жерлери шәмен-шәмен, жайлары сайрам-сайрам,
Аппақ дүнья ишинде таң атқан аппақ дүнья,
Сен өмир теңизинде көринген ақ кемесең,
Келешек мәнзилине бараткан аппақ дүнья,
Кеўилде ақ сезимлер бораткан аппақ дүнья,
Сен мениң ақ кептерим, қанат жай аппақ дүнья!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАС ЛЕНИНШИЛЕР

Жаслық картаймайды,
Жаслық жасарады.
О ленинлик идеядан.
Қудиретли күш алады,
Жас ленишилер,
Лениинниң жүрегинен
Қызғынлы от алады,
Полаттай шынығады,
Нығаяды, қатаяды.
Жас ленинишлер
Заманның жаслығы,
Лениинниң жаслығы.
Мың жыл өтсе де,
Миллион жыл өтсе де,
Жасайды олар да
Лениинниң ойлары,
Лениинниң дәстүри.
Ҳаслан шекленбейди
Жаслар қыялы,
Жулдызларға жол ашып,
Көкке қарайды,
Ҳаслан шекленбейди
Жаслықтың жолы,
Үш мыңыншы,
Бес мыңыншы,
Он мыңыншы жылларға,
Келешекке қарайды!
Алғыр ўатанласлар—
Жас лениншилер
Жаңа қалаларды
Қурыўшы болып,
Тыңларға атланды
Биринши болып,
Еле жулдызларға
Жоллар салады.
Әлемниң түңлигин
Түриўши болып.
Юрий Гагариндей,
Биринши болып.
Жаслар мудамы,
Жас ленинши болып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўатанның байрағын
Алып барады—
Коммунизмге де
Биринши болып!

* * *

Досларым кеўилде мудам қонақта,
Ал, душпанлар кеўилимнен тысқары,
Кеўилимде батып жатар бирақ та,
Олардың зыңғытқан жәбир таслары.

Кеўилде дослардың өзлери жатар,
Душпанның зыңғытқан таслары жатар.

## БОЛМАСА

Ана—Жер ҳеш қашан болмас қадирли,
Дүньяда жасаған адам болмаса.
Мениң халқым болмас еди әдиўли,
Бахыт нурын алар сағам болмаса.

Өмирдиң жулдызы азамат болар,
Жақсы адам кеўиллерде яд болар,
Жаман адам бәрҳа бадабад болар,
Инаныц, абайлап қараң болмаса.

Адамзаттың көрки болар ар—уят,
Ар—уят дегениң бәринен зият,
Жақсының қадирин билмеймиз бирақ,
Егер арамызда жаман болмаса.

Жақсылардың кеўли жақты шам болар,
Жаманлардың кеўли ала—шаң болар,
Шайыр кеўли ҳасыл сөзге кән болар,
Өмири таўысылып тамам болмаса.

Қуўанышлы болсын деймен ҳәр ўағым,
Мәңги жек көремен әжел қармағын,
Мәңги жасаў болмас еди әрманым,
Усындай әжайып заман болмаса.

*1966-жыл. Нөкис.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Елим ушын мен көнемен азапқа,
Ел дегениң муҳаббат ғой, қосық ғой.
Халқын сүйген түсер болса дозаққа,
Онда мени сол дизимге қосып қой.

Егер мени жазған болсаң бейишке,
Отинишим: сол дизимнен сызып қой,
Саған айтсам, жәбирайыл периште,
Бул өмирим бейишиңнен қызық ғой.

* * *

Балам келсе қасыма ийип салып,
Ручкамды беремен сыйлап оған.
Қасыма келген йошты қуўып салып,
Соңынан шақыра алмай қыйналаман.

Күнде емес, йош қыйнайды гейде мени,
Бес жасар балама да бақыраман.
Жақпайды қасыма кеп сөйлегени,
Соңынан жубата алмай отыраман.

* * *

Алғысым көп ерлерге,
Елин сүйген—зор адам,
Елден қашқан шерменде,
Елден кашкан қор адам.

Арлы адам гүл демек,
Арсыз адам—ғожалак,
Барға шапқан—пангөрек,
Арға шапқан—азамат.

Рақмет, сизге бүгин иске асқан әрманларым,
Мени шыңға шақырып тур қолым жетпей қалғанларың.

Мени алға талпындырып, алқындырып барасызлар,
Кеўлимниң айдынына гәўҳар болып жаўасызлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаўыннан соң шыққаң гүлдей кеўилимде жасарасыз,
Мениң өмир жолымдағы шамшырақсыз, масаласыз.

Бир жағымда сыңғырласаң, бир жағымда жуўдырлайсыз,
Қулласы ҳәргиз мени, ҳәргиз мени тындырмайсыз.

Әрманыма жетип зорға, ушып-ушып қуўанғанда,
Жеткермей бара берер бир әрманым бир әрманға.

Ай кибн арыў қыздай көп ашықпан көркиңе мен,
Жамалыңды көрмегенше қоймайман еркиңе мен.

*2. Ноябрь. 1974 жыл.*

## МУҲАББАТ ГҮЛИ

Ўақыт жүзимизге әжим түсирип,
Жаслықтан айырып бизди қартайтар.
Бағымыздың гүллерин кетер ушырып,
Бирақ, қартаймастан муҳаббат қалар.

Мәўсимлер алмасар, лала гүлинде
Шаң болар, суўықтан ғажыр қапымыз.
Қалар өзгермесген таза түринде
Ана жерге деген муҳаббатымыз.

Гүз сары бояўға бояр жер жүзин,
Мийзамда мыллыяр шөплер қаншама,
Ана жерге деген кеўлимиз бизиң
Турар өз қаддинде жасыл шыршадай.

Мейли, қыс қаншама төксин қаҳәрин,
Даўылы қутырып, үргини үрип.
Мениң жүрегимнен муҳаббат гүлин
Ҳәтте ысырапылда алалмас жулып.

Көп болар журтымның әптаплы күни,
Нешше гүллер қуўрап қалар далада.
Тек Ўатанға деген муҳаббат гүли,
Күйремес ҳәсеттиң ыссысында да.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БӘҲӘР СЕНИ САҒЫНДЫМ

(*Дүркин*)

* * *

Сени қашшан сағындым бәҳәр,
Суўық самал тыншымағанда,
Қысқы аяз батып ҳәрсапар,
Жүзлеримнен шымшылағанда.

Сағындым мен: боран қутырып,
Тоғай гүўлеп сыңсығанын да,
Жекке қалған сағалдай улып,
Жаралы ийттей қаңсылағанда . . .

Көптен берли сағындым көклем,
Көркин еслеп жаслық шағымның,
Алысларға сапарға кеткен.
Назлы дилбарымдай сағындым.

Булағысаң шайыр йошының,
Ким жайнамас қушақларында.
Жайнап қоя берер қосығым.
Сени қызға усатқанымда.

Мине, мыйық тартып көриндиң,
Келин киби ийбели бәҳәр,
Тонын шешкен ана жеримниң,
Аппақ гүлли көйлеги, бәҳәр!

* * *

Елпең-елпең ушып жүрипти
Ақ гүбелек, сары гүбелек,
Жоңышқалық жасыл дөнипти,
Әтирапымның бәри гүбелек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жап бойында қалың көп урық,
Дөгерегим азада көк шөп.
Сокпақлардан жүрсем секирип,
Сытырлатар шөплерди шекшек.

Атыз—кесте, әтирап нағыш,
Кеўлимде шадлығым лек-лек,
Қулағыма келип тур даўыс.
"Атшөк, гөк-гөк, атшөк, гөк-гөк"

Көринислер көркем азанғы,
Талда сайрап турған өпепек,
Мынадай деп атырған яңлы:
„Гүлөпепек, гүлөпепек, гүлөпепек".

* * *

Өз тахтынан аяз—қыс қулап,
Шырайланды тум-туслар бул!
Ғаўашалар болды үш қулақ,
Өнип шыққан қуўанышлар бул!

Ким қуўанбас топырақты түртип,
Жайнап шыққан ғаўашаларға,
Қуўандырмас дийқанды бүйтип.
Ойын-күлки тамашаларда.

Атызлардың гүжип жумысы,
Дыйқанлардың тәшиўиши кенде.
Бултты көрип кетер тынышы,
Жас үлкенде, жас киши де...

Нәлден баслар айтар гәплерин,
Ыразыман дыйкан халқыма,
Нәллеринин алағат жерин
Ойлап-ойлап кетер уйқыға.

Нөсер жаўын-бүлдирип-өткен —
Жерин дыйқан егер тазадан.
Көз жас пенен буланып кеткен.
Қосығымды қайта жазаман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Болғаны жақсы кеўил хош,
Қайғыны сирә гәп қылма,
Адамның жылағаны ҳеш,
Жараспас тойдың ўақтында.

Жасыңды аспан ақтырма,
Не батар сениң жаныңа?
Жараспас егис ўақтында.
Аспанның жылағаны да.

## БӘҲӘР САМАЛЛАРЫ

Нәпесиндей назлы дилбардың,
Жүзлеримнен самал аймалар,
Еркесиндей нәзик сырлардың,
Жан-жағыма өтип айланар.

Ескен сайын кеўилиме унап,
Көк шөплердиң үстинен сылап,
Бир нәрселер маған сыбырлап,
Жүзлеримнен самал аймалар.

Ойыншыдай ләззет бағышлап,
Гә жақынлап, гәҳи алыслап,
Ескен сайын қумды нағышлап,
Далаларды самал аймалар.

Басын ийип пуға—шөплердиң,
Үстин гилмалалап көклердиң,
Бетин ашып қосық дәптердиң,
Қағазларды самал аймалар.

Жуўырысып балалар менен,
Сыбырласып қара тал менен,
Ойнап-ойнап орамал менен,
Қыз-келинди самал аймалар.

Көлеңкедей жанымда жүрип,
Ойнап қолтық-қойынға кирип,
Көйлегимди желқомдай үрип,
Жан-жағымнан самал аймалар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пал ҳәрреси ушып жүр гүў-гүў,
Талабы тек гүл излер зыңғыў,
Есип өтип қасымнан зуў-зуў,
Жүзлеримди самал аймалар.

## ЖУЎСАН

Жупар ийиси аңқыған
Даламның одеколоны.!
Мен даланың халқыман,
Сүйемен бәрҳа мен оны.

Ийисиңнен сениң жуўсан,
Аңқып турар әтирап-айлана,
Әттен, бирақ аз жасайсаң,
Жасайсаң тек бир айғана.

Мәканың сениң кең дала,
Өмириң сениң аз күнли.
Өмириң сениң сонда да.
Көп гүллерден мазмунлы.

Түспейди көзге гүллериң,
Бирақ та, аңқып өгесең,
Тез солысаң да ҳәмммениң
Дыққатын тартып өтесең.

Көрсемде сулыў мыңсан гүл,
Жүрип мен Кавказ. Қырымда.
Жупар ийиси жуўсанның.
Турады бәрҳа мурнымда.

* * *

Сылдыр-сылдыр суў ағар,
Сылдырайды жапырақ,
Мениң кеўлим қуўанар,
Жәннет ғой бул әтирап.

Сылдыр-сылдыр суў ағар,
Сылдырайды ғаўаша.
Суў келгенге қуўанған
Қосығы ма ямаса?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сылдыр-сылдыр суў ағар,
Қыздай сыңқ-сыңқ күледи,
Кимниң бундай ўақлары.
Шәўкилдемес жүреги!

Кең далалар үстинен.
Сылдыр-сылдыр суў ағар,
Сылдыраған сестинен
Өсимликлер оянар.

Сылдыр-сылдыр суў ағар,
Қарлығашлар сайрайды.
Ағын суўлар үстинде
Нурлар жалт-жулт ойнайды.

Сылдыр-сылдыр суў ағар
Музыкадай жағымлы.
Сести менен гербетер.
Мениң таза бағымды.

## АҚ ТАЛ

Есигимниң алдында мениң,
Нәзик ғана ақ тал өседи,
Ийиледи мысалы келин,
Ҳәр күн сайын көзге түседи.

—Неге төмен салады басын,
Яки терең ойға бата ма?
Ҳешким ийmеди ғой шақасын?—
Деп мен сораў бердим атама.

Атам айтты:—Бул тереклер де
Өз туўылған жерин сүйеди.
Соның ушын ол ана жерге
Тәжим етип басын ийеди.

## СЕНДЕЙ БӘҲӘРИМ БОЛМАСА

Бәҳәр яңлы келетуғын,
Мезгил-мәҳәлиң болмаса.
Ашыларма кеўил гүлим,
Сендей бәҳәрим болмаса.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шерим мениң тарқар емес,
Қызыл гүллер дәркар емес.
Бәҳәр маған бәҳәр емес,
Сендей бәҳәрим болмаса.

Сен әжеп гүлге усадың,
Көрдим сенде таң нышаның.
Гүллерге толмас қушағым,
Сендей бәҳәрим болмаса.

Таў болсам да төбем қарлы,
Кеўлим мениң аҳыў-зарлы.
Нәўбәҳәр шырайға жарлы,
Сендей бәҳәрим болмаса.

Нәргиз гүли, мениң гүлим,
Сулыў емес ол сен қурлым.
Гүл ийисин сезбес мурным,
Сендей бәҳәрим болмаса.

Түрли гүллердиң жылўасы,
Керек емес, десем: мәзи,
Гүллемес кеўлим дүньясы,
Сендей бәҳәрим болмаса.

## ЖАЎЫН

Аспан үйип қап-қара́ бултын,
Қуйды жаўын, қуйды нөсерлеп.
Тереклердиң жуўып ол гиртин,
Әтирапты кетти ҳәсемлеп.

Ўақты-ўақты аспан түнерип,
Көзлеринен көз жас ақпаса.
Көкшөпликлер жасылға дөнип.
Болармеди бүйтип тап-таза?

Тек адам ба уўайым шеккен,
Тек адамда жасай ма қайғы?
Кеўил қабын босатып дәрттен,
Иретинде аспан жылайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жецилер ме көз жастан жүгим,
Қайта аўырлайды билемен.
Кеўиллерди тазартатуғын,
Көз жас ақса, оны сүйемен.

* *
*

Гүлдей болып кулимлеп сен,
Кетерде
айтып ең ғой:
„Келемен деп бәҳәрде".

Сен келмедиң неге,
Саған не болды?
Бәҳәр күлип бағар ҳәммеге,
Көклер көгерди.
Келип көрсең еди!
Гүллер сондай шырайлы,
Жайнап-жаснап жүрмеге
Күнлер қолайлы.
Барлық гүллер ашылған,
Қызғалдақлар қаплап кетти,
Қырларды.
Гүбелектей қызлар өтсе жанымнан,
Сағыныштың тырнағында,
Жаным тырналды.

Жүрипти қызлар, жигитлер,
Қоллар усласып,
Мен жүриппен жубайы жоқ
Жигитлер менен дусласып.

Мен сени ойлап-ойлап,
Көзлерим жолға қарайды,
Самаллар ойнап-ойнап,
Жан-жағымнан турткилеп,
„Қайда?" деп сени сорайды.

Гейде-гейде жалғыз жүрип,
Берилемен ойға көп.
Терeклер де басын ырғап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сорайды сени,
„Қайда“ деп,
Даўысың ба деп қаламан,
Сыңғыр-сыңғыр ағып турса,
Бир булақ.
Сағындым ғой, сағындым ғой,
Сағындым.
Жапырақлардың арасында сайраған
Бүлбиллердиң даўысы да
Муңлырақ.

Кел тезирек,
Аспан ашық, далаң көк,
Мен жүриппен
Сен шығар деп
Көп қызларға алаң боп.

**СЕНИҢ ҲӘР КЕЛГЕНИҢ...**

Сени күттим қала бағында,
Сен келмейсең сирә егленбей,
Күте-күте қалдым жаўында,
Сениң ҳәр келгениң бәҳәр келгендей.

Ерип қоя берер баўырым
Дәрьялардан аққан сеңлердей.
Киятырсаң әне, таныдым,
Сениң ҳәр келгениң бәҳәр келгендей.

Дилбарым, тек сен келсең ғана
Әтирапым қулпы дөнгендей.
Ашылысып кетти бул жаға,
Сениң ҳәр келгениң бәҳәр келгендей.

Көринбесең шегер жан ҳазар,
Кеўлим гүллемейди сен келмей.
Тек сен келсең болар лалазар,
Сениң ҳәр келгениң бәҳәр келгендей.

* * *

Мениң кеўлим усап бәҳәр паслына,
Бир жағында турар түрли гүл өсип.
Кеўил деген жаман да ҳәм жақсы да,
Бир жағында бултлар турар сиресип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сени ойлап шығатуғын түним көп,
Кеўилимде пәк сезимниң нартлары,
Көз алдымда сен көринсең күлимлеп,
Тарқап кетер кеўилимниң бултлары.

## СЕНИ СҮЙГЕН БӘҲӘРИМ СУЛЫЎ

Даңқы шыққан ел көп болса да,
Бәринен де мәканым сулыў.
Бәҳәрлерди көрдим қаншама,
Сени сүйген бәҳәрим сулыў.

Сениң жалғыз көз қарасыңнан,
Бәҳәр гөззал көринер шыннан.
Күлимлediң тал арасынан,
Сени сүйген бәҳәрим сулыў.

Көп бәҳәрди көрдим, умыттым,
Бир бәҳәрде мен сени күттим.
Сол бәҳәрди ядымда туттым,
Сени сүйген бәҳәрим сулыў.

Сулыў болар бәҳәр айлары,
Көп бәҳәрдиң болдым бойдағы.
Сырласыўдың гүлли майданы-
Сени сүйген бәҳәрим сулыў.

Ҳәр бәҳәрде гүл гөззал таңда,
Ҳәр бәҳәр де таярлар саўға.
Бәҳәрлердиң барлығынанда
Сени сүйген бәҳәрим сулыў.

* * *

Мен билемен гүлди сыйлаўды,
Гүлдиң көркин көрдим жүзинде.
Сол ушын ба, көзим қыймайды
Өсип турған гүлди үзиўге.

Гүлди көрки ушын сүйсем де,
Сени сүйдим минезиң ушын.
Үзер едим барлық гүллерди
Жаным сенин бир өзиң ушын



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шашайын мен дүнья малымды,
Сениң ушын бәрин кешейин.
Дүнья жетпейтуғын жанымды.
Мен беремен саған ешейин.

* * *

Бәҳәр, сениң кешиккениң
Ашықлардың кешиккениндей.
Бәҳәр сениң кешиккениң,
Тойлардың кешиккениндей.
Бәҳәр сениң кешиккениң,
Ашығын аҳыў-зар еткен,
Дилбардың кешиккениндей.
Сениң ҳербир келисиң, бәҳәр,
Сулыўлыққа толы жыллылык.
Болған емес жер ушын бәҳәр,
Жыллылықтан артық уллылық,
Соның ушын кешикпе, бәҳәр,
Күлимлеп кел есикке, бәҳәр.

## ЕРИКЛЕР ГҮЛЛЕГЕНДЕ

Кеўилиң дала күсер,
Жоламай үй дегенге.
Көзлериң жана түсер
Ериклер гүллегенде.

Қыз жүрер ушып-қонып,
Шадлығы қап-қап болып.
Гүллейди аппақ болып,
Ериклер гүллегенде.

Ҳәр гүли күлер нурдай,
Қуўаныш бар ма бундай!
Ашылған әрманындай,
Ериклер гүллегенде.

Бәҳәрдиң таза бағы,
Таплардың сазалары.
Кеўлиң тазарады
Ериклер гүллегенде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Азы-кем күн силпилеп,
Турса да көк гүркиреп.
Сүйиклиң сүйкимлирек,
Ериклер гүллегенде.

Өзиңди сезип жеңил,
Боларсаң куска бейим.
Ашылар гүлдей зейин,
Ериклер гүллегенде.

Гүлленер туўған елим,
Түрленер қыз ҳәм келин.
Кеўлим гүллер мениң,
Ериклер гүллегенде.

* * *

Жап бойына сүйрик шығып
Қылтыйысқан мәҳәлинде
Бәрна бойлы бир қыз көрдим
Шымбайдың шәҳәринде.
Күлиси саз, жүриси наз,
Дөнип турған дилбар екен,
Сәўледей келип қасыңа,
Ғайып болар қапелимде.
Қылт-қылт қадем қойып, әне,
Ол баратыр көз ушында,
Рәўшан жүзи, сырғасы
Сәўлеленип шекесинде.

* * *

Балалықта әйне бәҳәр паслында
Үлкен себет пенен усладым шымшық,
Самал тартқан қара талдың астында.
Қумырсқа оятты мурнымнан шымшып,
Узатып салдым мен балалығымды,
Шығарды жаслықтың дарағы бүртик.
Ташкенткеше барып қуўдым билимди,
Қызлар көп оятты мурнымнан шымшып.
Жаслықты узаттым әлле қашан мен,
Анам да ыңылдап ийирмес уршық.
Түсимде қызларды көрип жатсам мен,
Балам оятады мурнымнан шымшып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БӘҲӘР СЕЗИМЛЕРИ

Басланғандай өмир жаңадан,
Адам санар өзин бир бийик.
Жыллылық сезилер ҳаўадан,
Қуяш карар көктен жымыйып.
Кийип алып жасыл шапанын,
Мине келди күткен бәҳәрим.

Қуслар келип Әмиў бойларын.
Түрли-түрли сеске бөледи.
Толкын-толқын мениң ойларым.
Бәҳәр менен кестеленеди.
Самал есер жағымлы, ҳәй-ҳай,
Босағадан кирип келди Май.

Толқып-толқып ағады арна,
Елпең-елпең ушар карлығаш,
Самал ҳаўаз береди тарға,
Ҳәмме бәҳәр қушағында мәс,
Ашық-ашық ирeңлерге бай,
Көп күттирген арзыўымсаң Май.

Тәбияттың Ояна атлы
Бир қызысаң, сүйкимли бәҳәр,
Сен сулыўсаң, өмирим татлы,
Сен келиўден күн күлди, бәҳәр.
Бәҳәр келди жерим көркейер,
Бәҳәр келди-елим көркейер.

Дилбар бәҳәр қолымнан тартып,
Далаларға сүйрейди мени.
Бәҳәр маған ўазыйпа артып,
Көп уйқыласам сүймейди мени.
Келди мениң мийнет бәҳәрим,
Өмириме зийнет бәҳәрим·

Жайнап келген кадемлериңе
Қутлы болсын айтаман, бәҳәр,
Бул дүньяның ҳәмме жеринен
Айналып кел, кайтадан, бәҳәр,
Саған ашық бәрҳа ақ дәптер.
Сен алып кел мудам ақ кептер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биринши май колонналары
Түрли түсте, түрли иренде
Толқып-толқып өтип барады,
Сәлем жоллар барлық әлемге
Елим бойлап күлимлейди Май
Гүл қулпырсын, ашылсын шырай.

* * *

Ғыр-айланам сонындай көркем,
Жап бойында жасыл палаты.
Болғанда ма /йошып тур жүйкем/,
Мен де қарлығаштың қанаты!

Нәўбәҳәрдиң сейиллеринде
Ашық иреңлердиң ағласы.
Уйлығысар кеўиллеримде
Татлы сезимлердиң гаммасы.

Жасыл жумсақ майса төселип,
Жуўсан ийиси аңқыр қырларда,
Бул мәўритлер, билдим есейип,
Татыр нешше-нешше жылларға.

Жер жамылып липас шырайын,
Әл қызылға дөнди қызғалдақ.
Тазаланып кеўил сарайым,
Кеўилимнен кетти ызғар гәп.

Қандай жақсы дала, суў, ҳаўа,
Кеўлимди көкке көтерген.
Бәҳәр сени ырасында да,
Бийкар сағынбаған екенмен.

## ҚУЎАНАМАН

Қуўанаман мен дәўранымның
Қуяшынан нур аққанына.
Қуўанаман бағ-ығбалымның
Миллион көзли булақларына.

Қанып ишип сол булақлардан,
Денемизде дәрман топлаймыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Соннан алған күш-қуўатлардан
Қанат байлап, алға атлаймыз.

Төбемизде аспан көгилдир,
Аппақ-аппақ қырман жеримде.
Жан-жағымыз ағыл-дегил нур,
Қуўанаман туўған жеримде.

Қуўанаман салы атызлардың
Салланысқан масақларына,
Ана—Жердиң, Ана—Ўатанның
Гүл жайнаған қушақларыңа.

## ТУТАСЫЎ

Өз өнери менен Әмиўдәрья көпириниң
қурылысына қатнасқан мийнет сүйгиш
ақ көкирек достым, электрокепсерлеўши
Каллибекке арнайман.

Жай саласаң,
Жай сыбайсаң,
Жайға нағыш оясаң,
Қыйынлықтан сескенбейсең,
Кепсерлейсең...
Ийнин де
Сүўретке де аласаң,
Ақ көкирек,
Аўқат асса пал татыған аспазсаң,
Татыўлықты тоздырмайсаң,
Жаздырмайсаң
Биреў менен дослассаң.

Ақыры, сен
Кепсерлеўши жигитсең.
Сен билесең:
Аз мың болар,
Мазмун болар, бириксең.

Кеўиллер тутассын,
Жайлар тутассын,
Жер ҳәм аспандағы айға тутассын,
Тутассын Тахиаташ—Нөкис—
Имарат,
Дүнья деген тутаслықтан ибарат.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Темир деген суўық,
Темир деген жансыз,
Тек сениң менен,
Кепсериң менен
Мазмун ол, даўсыз,
Буны билесең,
Төртинши этажда турып күлесең,
Өйткени, сен
Қолдағы отың менен,
Ықлас-ықтықатың менен,
Темирди-темирге бириктиресең.

Олпы-солпы болып
Жумысқа барып,
Көздиң көрки болып,
Үйге қайтасаң,
Кийимиң ҳәсем,
Киятырған доктор жигитпе десем,
Кепсерлеўши Қаллибексең,
байқасам,

Ленин көшеден
Сениң қолың тийген жайды
Көрдим кеше мен:
/Жайлар өскен сайын мен ҳәм өсемен/
Сениң сабырыңдай устамлы,
Сениң сезимиңдей шырайлы,
Олай болмағанда
Ол жай кулайды.
Достым Қаллибек,
Ким айтады рабочийдиң
Үйи жарлы деп?!
Шайырлар китабын
Көрдим текшенде,
Сен оларды
Жүрегиңе кепсерле.

Темирге қосық жазса да шайыр,
Темирге көрк бериў
Келмес қолынан,
Өзиң көрк бер темирге,
Темирди-темирге айқастыр,
Қайым



www.ziyouz.com kutubxonasi

Уйқас болса мен де уйқастырайын,
Мен жайыңды, сен қосықты сүйерсең,
Қурған жайың қуламасын,
Сүйенсем,
Шыным да сол,
Ҳәзилим де сол,
Күлки дирилдесин
Езиуиңде сол...

Кеуиллер тутассын,
Жайлар тутассын,
Жер ҳәм аспандағы айға тутассын.
Тутассын Тахиаташ—Нөкис
Имарат.
Өмир деген тутаслықтан ибарат.

## КЕУИЛ

Кеуил бар: кеулиң қайтар пуш болып,
Сықырлаған аяз, қатты қыс болып.
Арқа океандай мәңги муз болып,
Қысы-жазы тоңып атқанын көрдим.

Кеуил бар: өседи гүллер ағласы,
Жүйткир оннан поэзия жорғасы.
Адамгершиликтиң уллы дәрьясы,
Шайпалып, толқынлап аққанын көрдим.

* * *

Бүгинлери дийқан көзинде,
Үмит ушқынлары жанады.
Дийқан уйықлап қалса бола ма,
Онда исте уйықлап қалады.

Топырақ алып қолға бир қысым,
Айтып қояр: „бул ҳасыл“ деп.
Шала уйықлар дийқан уйқысын,
Егис шала қалмасын деп.

Дийқан халқым, көз айдын сизге,
Күлип келген бәҳәр айямың.
Қутлы болсын өзлериңизге
Мийнетиңниң басы, байрамың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Егер, жерди қойсаң жалаңаш,
Жер де өкпелейди билесиз.
Соның ушын ана жерди сиз
Көк липасқа кийиндиресиз.

Қолы шебер кестеши қыздай
Сиз де ана жерди торлайсыз.
Егинлердиң алағат жерин
Кеште шай үстинде ойлайсыз.

Сизиң сепкен шигитлериңиз
Үмитиңдей өнип шығады.
Ықласыңыз толық болса егер,
Нәллериң де толық шығады.

Дийқан ушын ўақыт ғаниймет,
Бүгинги күн ертең келмейди.
Ҳәрекетте болар берекет,
Ҳәрекетсиз полат зәңлейди.

Қолларында берекет болсын,
Өмиринде рәҳәт болсын.
Зүрәәти быйылғы жылдың,
Таң қаларлық зүрәәт болсын.

Өсип шықсын тегис нәлиңиз,
Узақ болсын өмир жолыңыз,
Арқадағы пахтакеш болсаңыз да,
Ең алдыңғы дийқан болыңыз.

Гүресиңиз тегис нәл ушын,
Атызға берекет дарысын.
Сениң нағыз дийқан екениңди
Тағы да бир дүнья танысын!

## ТУЎЫСҚАНЛЫҚ ҚОСЫҒЫ

Қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосының Башқуртстандағы күнлериниң ашылыў салтанатында оқылған.

Әссалам Ақедил, аппақ кеўилим,
Әссалам туўысқан, ғардаш башғуртым,
Бәринде де бармыз тарийх жолының,
Ойлап турсақ өтмишимиз ашғылтым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

...Басымызды бузды қосылмасын деп,
Ҳәр жаққа ушырды тағдийир самалы,
Бизиң дослығымыз шашылмасын деп,
Басымызды қосты Ленин заманы.

Бултлы күнге ашылмайды ҳеш түңлик,
Кеўиллер ашылса жарасар мудам.
Алдымызда болмайды ҳеш тосқынлық,
Дәўраным дослыққа жол ашар мудам.

Туўысқанлар көп болса да қаншама,
Башғуртсыз дослығым толық болмайды,
Таўларды таўлардан бөлип болса да,
Досларды дослардан бөлип болмайды.

Башғурт халқы! Аппақ шашлы анаңды
Өз анам деп қушағымды ашаман,
Башғуртсан! Сениң сүйген balaңды,
Өз балам деп баўырыма басаман.

Қанаты болмаса қуслар ушпайды,
Адамның қанаты—дослық билемен,
Өз ағам деп ҳүрметлеймен Мустайды,
Мен Фиданды[1] қыз сүйгендей сүйемен.

Гүлдей қуўанышлар сыймай қойынға,
Дос үйинен жуўғарада қайтпаймыз.
Басымызды жойтсақ та сабан тойында,
Биз дослықты ҳеш ўақта да жойтпаймыз.

Үш айлық жол үш саат боп қысқарды,
Дослық жолын жүрип келдик төтеден,
Ақедил бойынан Башқуртстанды
Жүрегиме көширип алып кетемен.

*Нөкис—Уфа. 1977-жыл.*

## АНА ДЕГЕН ЖАРЫҚЛЫҚ..

### I

„Пәлеги ашшы.
Түйнеги дуўшы"
Бул сонындай жақсы ой,

---

1/ Фидан—хош ҳаўаз башқурт жигити.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қаўынның ашшы пәлеги,
Ал, түйнеги татлығой.

2

Ана деген жарықлық
Перзентине берип барлық душшыны,
Қалса дағы мийи аўытқып,
Өзи алып қалар ашшыны.
Сонлықтан да оның атасы
„Пәлеги ашшы“ деп қабақ үйеди.
Бирақ, сондай жақсы соңғы баҳасы:
„Түйнеги душшы“ деп
Улын сүйеди.

## НӘЗЕР САЛЫҢ...

Нәзер салың буўдай баўларға,
Гербимизди безер нағышлап.
Қуда түсип, қуда болғанда
Ант етискен бурын нан услап.

Жанымызда жүрер нанымыз,
Ҳешким кетпес оннан алыслап,
Болыў ушын пәк ҳүжданымыз,
Ант етемиз бизлер нан услап.

Нан китабы түсиникли маған,
Оқымайақ оны даўыслап,
Болыў ушын нан киби ҳадал,
Ант етемиз бизлер нан услап.

## ЗАМАНЫМЫЗ ЗЫЯДА

(*Қыз қосығы*)

Заманымыз зыяда,
Шадлы дәўран, яр-яр,
Ығбалымның жоллары
Сайрам-сайрам, яр-яр.

Жымыңласқан жулдызға
Аспан толған, яр-яр,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Саҳра-шөл гүлленип,
Бостан болған, яр-яр.

Қандай жақсы сайраған
Бүлбиллери, яр-яр.
Қандай жақсы дуўтардың
Гүмбирлеўи, яр-яр.

Қыя-қыя қызлардың
Қараған ы, яр-яр.
Қыз кеўлине жигиттиң
Унағаны яр-яр.

Бәҳәр келсе тереклер,
Бөртиклейди яр-яр,
Қатар-қатар имарат
Бой тиклейди яр-яр.

Сылдырасып салмадан
Суў келеди яр-яр,
Жаптың бойын-жағалап
Яр келеди, яр-яр.

Аппақ-аппақ ашылар
Ақ пахталар, яр-яр.
Ҳадал мийнет адамы
Аппақ болар, яр-яр.

## ДӘЎРАН БИЗИКИ

Октябрьдиң қуяшынан нур алған,
Ықбал бизлердики, байрам бизики.
Көп миллеттен, бир мақсеттен қуралған
Ўатан бизлердики, дәўран бизики.

Кеўил ғарқ-әллезий бахыттан, нурдан,
Дослық тамырлары тереңге урған,
Самолетлер ушар сеслерден жылдам,
Пәрўаз бизлердики, дәўран бизики.

Дыйқан қуўанышта, шопан жүдә мәс,
Заманға налынып ҳешким жыламас,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәмме алға барар, ислер раўаж,
Шадлық бизлердики, дәўран бизики.

Бул заманға гина тағалмас ҳешким,
Мағрубтан Машрыққа жетип тур сестиң,
Кеўил әл ҳаўада, көкиреклер өскин,
Шар тәреп шәмензар, дәўран бизики.

Термезден жол жүрип Тундрағаша,
Бахыт нуры алар жүзиңнен поса,
Мәдеткер партиям, бәрҳама жаса,
Абырай сеникидур, дәўран бизики.

Қуяшқа сөзим жоқ, шашар сәўлесин,
Заманға сөзим жоқ, тилим тиймесин,
Кимлер қуўанбасын кимлер сүймесин,
Бағ-дәўлет бизики, дәўран бизики.

## ДӘРТЛИ БОЛЫП ҚАЛДЫ

Өзи сүйкимли еди гүлшедей,
Жоқ еди онда өмир саўдасы,
Тынық суўдан шыққан шийшедей
Тынық еди кеўил айнасы.

Бәҳәр келди, әтирап тазарды,
Тереклердиң гиртин сел жуўып,
Сүўип қалып, бирақ, гөззалды,
Дәртли болып қалды бул жигит.

Қағаз аппақ еди ҳәм нәзик,
Аппақ болып турды ол бираз,
Шайыр дәртли қосығын жазып,
Дәртли болып қалды ол қағаз...

## ЖАҚСЫ НИЙЕТ, ЖАҚСЫ ТИЛЕК

(Жаңа жыл қарсаңындағы сөз)

Қушағы қулпырған, қойны гүл заман,
Ҳәр жылымды даңқлы етер бул заман,
Үйин-үйин еттиң табысларымды,
Хош бол, жетпис жети, саған ырзаман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул заманда өсип-өниўлер бахыт,
Перзент сүйип, дәўран сүриўлер бахыт,
Жаңа жылдың жүзин көриўлер бахыт,
Журтым, қутлы болсын жаңа жылыңыз?

Жаңа жылым, жаңа туўған бөке ме?
Күтип алар оны барлық мәкеме.
Жаңа жылым енди сеннен тилегим,
Усап өт сен Жетпис жети—әкеңе.

Жаңа жылда жаңа тилек тилейин,
Ҳәмде жаңа төбешикке минейин,
Жаманлықтың бет-әпшери қурысын,
Әдиўлейин жақсылықтың ҳүрейин.

Суўлар жап-салмада шимпилдеп турсын,
Ҳәмме ел исине зиңкилдеп турсын,
Бәрҳа бағ-бақшада бүлбиллер сайрап,
Оның ақ тамағы бүлкилдеп турсын.

Биз жасаған бул космослық әсирде,
Урыс қураллары шықсын кесирге,
Келешектиң жулдызлары жайнасын
Ҳәрбир оқыўшының алған „Бес" инде.

Жердиң урыс-жәнжел қырсығы тайсын,
Нейтрон бомбаның тилсими тайсын.
Адамзатқа апат тилегенлердиң
Бир адым атыўдан уршығы тайсын.

Ғарремлик дүньясын ҳадал ушырсын,
Пәтиўасыз сөзлерди самал ушырсын,
Журтты менсинбеген ҳәмелпаразды
Бәленттен қулатып ҳамал ушырсын.

Бул дүньяда жақсы адам көп турсын,
Жәзийра шөллерим бостан боп турсын,
Совет ҳүкиметин қурған ғаррылар
Үш жүзге шықса да жаспан деп турсын.

Мейли үстиңдеги кийимиң тозсын,
Үйиңдеги түрли буйымың тозсын,
Талай жылды жумсап тоздырсаңыз да,
Ҳеш қашан өмириң тозбасын, достым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халқым, мудамы сиз аман болғайсыз,
Ай ҳәм жулдызларға ушып барғайсыз,
Сақаллы жылларды узатып салып,
Талай бала жылды күтип алғайсыз.

Жаңа мәселеге шешиў тилеймен,
Алыў тилемеймен, қосыў тилеймен,
Нөкисимниң бой өсери аўырар,
Жаңа жылда жаңа өсиў тилеймен.

Шампанға ҳәммениң бокалы толсын,
Ҳәм де мәртебеси жоқары болсын,
Еккен егинлери өрре турғандай
Дыйқанның әжайып бәҳәри болсын.

Тек те киноларда болсын тақа-тақ,
Өмир дарағыңыз өссин шақалап,
Шалларға көп болсын қурдас кемпирлер,
Балларға көп болсын вафли, шоколад.

Сазенделер бузбай шертсин намасын,
Арақ ишкен билип ишсин шамасын,
Гейбир аўыллардың клубларында,
Ылақ маңырап, қораз ғоқақламасын.

Қуўанышлар толсын қойынларыңа,
Салтанат тилеймен жыйынларыңа,
Жабыўсыз ат яңлы салғаң қақайдың
Ошақ илдирилсин мойынларына.

Дарақлар ексеңиз миййўалы болсын,
Келин түсирсеңиз ийбели болсын,
Баста ғаўлап жүрген ойларыңыздың
Қаўын түйнегиндей түйнеги болсын.

## СЫР АШАЙЫН БА?

Досларым сизлерге сыр ашайын ба,
Ырымнан питпейди мақсет-мурадың.
Бир жорам бар мениң үш жасарында
Тислепти бир қоңысы қыздың қулағын.

...Қыз болса пәкизе қыз болып өсти.
Ал, жорам басқаға қыя бақпады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеўил тарын шертти сол қыздың сести,
Сүўретин қойнында мудам сақлады.

Ырым дегенлериң кетеди қырын,
Суў көрмей шешиўге болмас етикти.
Қулағын тислеген сол қызды бүгин
Бийтаныс бир жигит „тислеп“ кетипти.

### ҚУТЫЛЫЎДЫҢ ЖОЛЫ

*(ғәзил)*

Ашықлық қосығы кимде мол десе,
Мен қызларды қосығыма жаздым көп,
Сыншылар бул ушын мени тергесе,
Оннан қутыламан: „қыз да мазмун“ деп.

Басқа темаларға илҳам келмесе,
Мен қызларды қосығыма жаздым көп,
Бул ушын ҳаялым мени тергесе,
Оннан қутыламан „Сени жаздым“ деп.

### ГҮЗГИ ҚУЎАНЫШЛАР

I

Журтым жамалына нәзер жиберсем,
Гүзги көринислериң көзди тартады,
Мақтаныштан мениң көтерилип еңсем,
Кеўлим қуўаңыштан қосық айтады.

Ирeңлер кубылысы көзим алдында,
Тербетилип турар сары толқынлар...
Шағырайып ашылған пахта бар бунда,
Тынық көк шийедей жүзим-солқымлар.

Мийўаға малынып сақый гүз кирип,
Торлы қаўынларға толар вагонлар,
Әнекей поезд да жөнер ысқырып,
—Қарақалпақ қаўынын алың, адамлар...

Қаўын тиликлери айдай жарқырап,
Турар рус қызларының қолында,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Не бар дослар кеўлин хошлаўдан зыят!
Булардың-барлығы шадлықларым дә!

Бәҳәрдиң мийнети қат-қат болады,
Жазда пешанадан ағар қанша тер!
Гүзде пахталары аппақ болады,
Қаўын-ғарбызлары сондай пал шекер!

Қандай жақсы дейсең гүздиң излери!
Өтер тележкалар пахта тийелген,
Ағыл-дегилликти көрип гүздеги,
Мен шалқайып таслап жүрермен.

2

Қуўанаман дәўиримниң адамларына,
Шөлистанға суў апарады,
Қаңбақты қаңғыртып гүл апарады,
Шор жердиң де шығарады шырайын,
Бизде жасап атыр еле Гүлайым.

Оларда мол ықлас ҳәм зейин,
Жерде кебир, суўда там-тарыс...
Қыйынлықтан қорқып шегинбес кейин,
Бизде жасап атыр еле Алпамыс.

3

Бәҳәрде суў деген жетпесин болды,
Дыйқан менен бирге мен де муңайдым,
Бүгин үйге газета келди:
Ақ пахта қушақлап күлимлеп турған
Сүўретин көрдим мен дыйқан ағайдың,
Оның менен бирге
Мен де қуўандым.

Тек те адам емес, пахта, салы да
Меҳир емеди.
Сонлықтан пахтаның ғореклеринде
Меҳир толы дегим келеди...

Пахта қырманлары,
Аппақ қырманлар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аппақ ырысқы,
Ол аппақлық алды менен дыйқанның
Ҳадал мийнетине тийисли.

4

Аппақ қырманларды кимлер сүймейди,
Олар мениң қыялымды бийлейди.
Бабамның сақалындай пәк,
Әжжедей аппақ,
Аппақ қырманлар!
Бул пахталар ақ боламан дегенше,
Қанша мийнет,
Қанша меҳир кетпеген,
Ҳәр нәрсени аппақ етип шығарыў
Мүмкин емес еп пенен,
Қыялымда пахта емес, атызға
Гил үмитлер егилген.
Қырманларға пахта емес,
Бункерден
Қуўанышлар төгилген,
Бул пахталар қырманы емес,
Мениңше, қуўанышлар қырманы,
Себеби, оны жүреклери шәўкилдеп,
Қуўанғанлар жыйнады.
Қаўынның аппақ,
Ғарбыздың ғыжлаған тиликлери—
Булар дыйқанның үмитлери
Қуўанышқа айланған,
Мен усылай ойлайман.
Бизде дыйқан аты бийик турады,
Салысы атызда тынып турады.
Оның пахтасы да,
Ҳәр тилик қаўыны да,
Ығбалы да
Күлип турады.

## МЕН СҮЙЕМЕН АЙЛЫ АҚШАМДЫ

Мен сүйемен айлы ақшамды
Қушағында отлар алысқан,
Қудиретли мына аспанды,
Жулдызлары шағырайысқан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жалт-жулт етип өтеди қызлар,
Ай сеўип тур жерге аппақ нур.
Мөлт-мөлт етип миллион жулдызлар,
Төбемизден бизди бақлап тур,
Ақ теректиң узын көлеңкеси,
Сыйырлар гүйис қайтарар,
Танаўға урар пишен ийиси,
Там үстинен бизге ай қарар,
Аппақ сәўле әтирапларда,
Жайылып атқан жуқа сийледей,
Шық жылтырар жапырақлар да
Жылт-жылт еткен полат ийнедей.
Сайрамайды ҳәттеки бүлбил,
Хәмме нәрсе ақ нурда жым-жырт.
Кеўиллерде жоқ зәрре гирбиң,
Тек болғаны: көлеңке гүңгирт.
Суў жылысар, ашар зейиним,
Еситилмес ийттиң үргени,
Қандай жақсы Әмиў бойының
Рәҳәтли айлы түнлери!
Айдың аппақ нуры таралар,
Сүт көринер маған суўлар да.
Аўыллар ҳәм гүллән далалар
Шомылып атыр аппақ нурларға,

* * *

Әмиўим буратылған,
Бағ-бақша бина қылған,
Мен бүгин бәрин көрип,
Қуўанып киятырман.

Жемислер жаңалығым,
Барлығы жаңа бүгин,
Бир сақый ғарры яңлы
Ашылған дала бүгин.

Хоширей сениң көркиң,
Сүйсинер көрсе ҳәрким,
Пахталар үйин-үйин,
Жүзимлер солқым-солқым.

Гүз паслы қандай жақсы,
Сарғайған таңдай жақсы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тандырдан жаңа шыққан
Порсылдақ нандай жақсы!

Мийнетлер—далам ушын,
Барлығы адам ушын,
Ағарған ақ пахталар
Қуяштай қуўанышым.

Адамның жолы дүнья,
Мийнеткеш қолы дүнья,
Әдиўлим, әзиз үлкем
Кулпырған толы дүнья.

* * *

Көкирек ҳалласламас бурынғысындай,
Кеўил алып ушпас әлле қайларға.
Гүзги тереклердиң сыбырлысындай,
Шүмип баратырман аўыр ойларға,
Самал, қытықламай мени қоя тур,
Өмиримниң алтын гүзи киятыр.

Дәрья бәҳәргидей буркасынламас,
Ғамгунлик бағларда ойын уйытқан.
Жапырақлардың көк-сарысы аралас,
Бирақ, шақаларда мийўа сырыққан...
Гүллер, алаң етпей мени қоя тур,
Өмиримниң алтын гүзи киятыр.

Өмирде болмайды бәҳәр бәрҳама,
Болсын өмириңниң гүз ҳәм жаз күни.
Өмир жүги, толық миниң арқама,
Алтын гүз—бул өмирдиң зор мазмуны.
Бәҳәр, мени алаң етпей қоя тур,
Өмиримниң алтын гүзи киятыр.

Мейли, далаларда салқын ызылды...
Болса да тереклер жапырағы сарғыш,
Мийўаға малынған алтын гүзимди
Алмастырғым келмес бәҳәрге ҳәргиз,
Жаслық, мени шақырмай сен қоя тур,
Өмиримниң алтын гүзи киятыр.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүзимизди торлап атыр әжимлер,
Айтың қаўын торламаса писе ме?
Сийрексиди ойын-күлки, бәзимлер,
Гәрдиймеймиз қолды салып кисеге.
Күлки, сен де езиўиңди жыя тур,
Өмиримниң алтын гүзи киятыр.

## ЖИЙЕН ҚЫЗҒА

Даланың ақ гүлиндей
Кеўлимди ашып келдим.
Өзиңниң ақ түриңдей.
Мен саған қосық бердим.

...Келгенде қулағырдан,
Атып мен жаяў адым,
Бурадың қулағымнан,
Сен мени аямадың.

„Айна ма, тарақ па?" деп
Көзимди тарақладың,
Есигиң алды терек,
Мен соған қонақладым.

Сен мени кесекледиң,
Сен мени қуўаладың,
Баяғы тереклериң...
Сол мениң гүўаларым.

Изиңнен сени қуўсам,
Шығардың шалөкпемди,
Бүгин сен жарып турсаң,
Әкелип әлеккеңди.

Пахтаның аппақ гүли
Тағылған шекеңизге,
Сәлемим апаңызға,
Исим не әкеңизде!?

Жийен қыз, үйиң жақсы,
Әкелген сыйың жақсы,
Арқамды тутайын мен,
Мушыңды түйиң жақсы..



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жийен қыз, журтың жақсы,
Қайқайған турқың жақсы,
Қампайған қанарыңдай,
Томпайған уртың жақсы.

Жийен қыз, көзиң жақсы,
Бәринен өзиң жақсы,
„Тандырың шықсын“ деген
Бир аўыз сөзиң жақсы.

### АШЫЛЫССА ЕГЕР...

Ашылмаса егер ғореклер,
Айналады тастай мийўаға,
Ашылысса егер ғореклер,
Сәўле шашар жақты дүньяға.

Ашылмаса егер адамлар,
Арша яңлы аўызы беклеўли,
Ашылысса егер адамлар,
Жулдыз болып ұшар көклерди,

Ашылмаса егер адамлар,
Алтын яңлы жатқан қурдымда.
Ашылысса егер адамлар,
Ашылысып кетер бул дүнья.

* * *

Сары ирецлерди сүймесем,
Сары көйлеклерди киймесем,
Сен сүйдирдиң сарғайғанында,
Салы атызлары, сөйле сен.

Сарғайғаннан көрип салының,
Сары—писиклик деп таныдым.
Тербелисин көрдим өзинде,
Әмиўдәрья толқынларының.

Салы жазы менен нур емди
Гүздиң күни сары түр енди,
Сары болыў—ҳасылға дөниў,
Алтынлар да сары ирецли.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Сары ирен—сары уўайым"
Дегенди мен ядтан қуўайын.
Мен сүйемен салы атызлардың
Сағыныштай сары шырайын.

Ели ушын болмаса пидә,
Сүймес едим Гулайымды да.
Сендей дәнли болса, сүйер ем
Ҳәтте сары уўайымды да.

Азанда да, түс ўақларда да,
Умтылғандай қушақларыма,
Сүйсинемен салы атызлардың
Салланысқан масақларына.

* * *

Ҳәр атызда,
Ҳәр паяда,
Ҳәр ханада ашылған
Аппақ пахта—
Алтын гүздиң ақ гүли,
Мисли олар
Тойханада шашылған
Кеўиллердиң шадлығы.
Ақ пахтаны жаратады
Қолы, кеўили гүл киси,
Ханасында көрсем оны,
Көз алдыма келеди
Гил сулыўлар күлкиси.
Алтын гүзим,
Өзиң берген сый қандай.
Сулыў қызлар
Аппақ тисин көрсетип,
Жадырап күлип турғандай!
Ақ мамықты,
Қолың менен қысымлап,
Қойныма саламан;
Жыллы-жумсақ тийеди.
Гүздиң куни
Пахта терип жүриўди
Кеўлим сондай сүйеди!
Ақ мамық!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзи нурдай жап-жарық,
Қойнымда
Қуўаныштай жүреди.
Ҳәр ханасы
Жарқыраған жулдыздай,
Оны көрип,
Тура алар ким қызбай!
Ҳәрбир түпте,
Ашылады алдыңда
Ғаўашаның ғореги,
Ҳәр адымда,
Ҳәр адымда
Адамлар,
Қуўанышлар,
қуўанышлар,
Қуўанышлар тереди.

* * *

Шашылып атыр жерде
Теңге-теңге жапырақлар.
Боялғандай алтын зерге
Әтираплар-әтираплар.

Ҳәр жапырақ өтип кеткен
Өмиримниң ҳәр күниндей.
Бола бермес берҳа көклем,
Турмыс адам көрки бирдей.

Жапырақлар сарғыш тартқан,
Шежирениң бетлериндей.
Турған күнлер үстимдеги
Өмиримниң көклеминдей.

* * *

Қосығымда гүл ийиси аңқымайды бугинде,
Отырсамда гейде-гейде гүлбағлардың түбинде,
Енип шығар түслериме гүзги дала аңқыған.
Салланысқан салы атызлар, бийдайлықлар толқыған.
Айыпламаң қосығымды гүлге усамады деп,
Ол мазмуннан—бийдайлықтан-дәннен күш алады тек.
Болғысы келер оның да бийдай салы масағы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуры сүлдер сулыўлықтан аңладым ол да қашады.
Болмаса да қосығымда гүллердиң зәрре ийиси,
Болсын онда гүзги палыз ҳәм тағы ғалле ийиси.

## ТУМАУ

*(ҳәзил)*

Сол бир ақшам еле есимде.
Отырды қыз қолын услатып.
Алғын гүздиң салқын кешинде
Тумаў урды мени уқшатып.

Қолай пайттың келген ўағында,
Исим мениң шапты насырға.
„Сүйемен“ деп айтыў орнына,
Түшкире бердим қыздың қасында.

Сөйлей ғойсам мурным маңқылдап,
Айтарымды айта алмадым.
Бир ўақлары байқадым қыздын
Қапталымнан кетип қалғанын.

Қыз алдында тумаў бир келсе,
Кетер екен исиң қырынға.
Гүздиң күни тумаў тийгенше,
Қыздың мушы тийсин мурынға.

## ХАЛҚЫМ

Шад заманда шадланып, шалқып,
Кеўлине нур қуйылған халқым
Қоңсысына әғайининен артық,
Қарапайым мийирман халқым.

Қай ўақта да не бары аўзында,
Ақ көкирек аңқылдақ халқым,
Турмысың жақсарып ҳәр жылда,
Ашылдың сен жарқылдап, халқым.

Халқым барда мен де саўлат бар,
Басқа халықтан сени кем көрсем,
Нәсиятым, соңғы әўладлар,
Руўхымды мениң өртерсең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Анасын сүйгенди айыплайды ким?
Мен сени сүйемен ҳәммеден зыят.
Сен мениң алтыннан артық байлығым,
Сеннен артық сүйиў басқаны уят.

Қобыз намаларын бир тыңла,
Басыңа түспеди не саўда,
Қосық қоныпп кеткен журтыңда
Бахыт турғын болып жасаўда.

Қалып едиң көштен кешеўлеп,
Журтыңды қыйратып Шыңғысхан,
Пәстен алып шығып көсем тек,
Жай берди бийиктен-жулдыздан.

Ақылы айланған алыстан.
Жулдызларға сәўбетлес халқым.
Жайлаған жерлери бағстан,
Қарапайым мийнеткеш халқым.

Қыялыңды тербетер дала,
Усылың да сонда, ҳийлең де,
Болмасын деп жумыслар шала,
Уйқың шала қалар түнлерде.

Тандыр болып лаплар аспан да,
Қыздырасаң исти бос келмей.
Ғаўашалар жаўдырасқанда
Қуўанасаң өзиң өскендей.

Көргеним жоқ зердиң шырайын,
Көрмегенди қалай жырлайман?
Сен көркейткен жердиң шырайын
Ҳеш шырайға алмастырмайман.

Салланысса салы масақлары,
Сылдырасса мәкке жапырақлары.
Күнге шағылысып жипек шашақлары,
Қуўанышым емес пе бәри!

Дыйқан халқым кел, бир кушайын,
Қандай жақсы бизиң дәўранлар!
Толтырады гүздиң қушағын,
Ақ пейлиңдей аппақ қырманлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАЙРАМЫҢ МУБӘРЕК

(Республикамыздың ҳаял-қызларын кутлықлаў)

Ығбалыңыз Октябрьден саға алар,
Жаңа дәўир өмиринизди жаңалар.
Ҳүрметимниң тең жартысы қызларға,
Тең жаргысы сизге болсын, аналар.

Ҳәрбир перзент алдыңызда қарызлы,
Сизди сыйлаў ўазыйпамыз парызды,
Кеўилиңде жайнаған меҳир қуяшы
Жылытып турыпты планетамызды.

Ана мәртебеси бийикти дейди
Ленин өз анасын сүйипти дейди,
Патшаның алдында иймеген басын
Анасы алдында иййипти дейди.

Төбеме көтерип өзлериңизди,
Теберик әйлейин излериңизди,
Перзентлик муҳаббат пенен сүйейин
Жүз әжим торлаған жүзлериңизди.

Қыз-жаўанға жүзик бергим келеди,
Женгейлерге қызық бергим келеди.
Аналарға не бересең деп сора,
Жүрегимди үзип бергим келеди.

Апайлар тепериш, сиңлилер шебер.
Қыз-жаўан қасында болса ис өнер.
Байрамың мубәрек әзиз аналар,
Байрамың мубәрек, женге-кишелер.

Гүл берсем гүллердей күлсин дегеним,
Сизлердеме деймен тилсим дегениң,
Билмеймен, неликтен сонша жағады,
Ҳәзиллесе ғойсақ, „қыршын" дегенин.

Жүзден жүйрик шығып, мыңнан озғанлар,
Дәўир қанат берип, қолын созғанлар.
Сизге болсын дәсте-дәсте қосығым,
Байрамың мубәрек, жаным гөззаллар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызлар жаңа шыққан нартлардай болар,
Олар болмаған жер қуптандай болар,
Жигитлер сағынып көрсе қызларды,
Түн ишинде жулдыз шыққандай болар.

Бир нәрсе айтайын ҳәмме түсинер,
Гейбир жас жигитлер, жасы кишилер,
Сизлердей сүйкимли болсақ деп олар,
Сақалдың орнына шашын өсирер.

Ҳәрким иси менен елин көркейткей,
Жаўанлар бар жумыс ислер еркектей,
Ким сыйлай алмаса искер қызларды,
Ушып түссин жел ушырған телпектей.

Сизлерден қыз сүйер иним айлансың,
Нағышлы қосығым. гүлим айлансын,
Басқа жақтың қызын зыят мақтасам,
Онда бул шайырлық тилим байлансын.

Жеңгейлер, абадан турмысың жақсы.
Жуўабый сөзлериң, урдисиң жақсы,
Қыңыр қайниңиздиң арқаларына
Дүңк-дүңк тийген дүмпишиң жақсы.

Түслерде көремиз шырайыңызды,
Жықпаймыз ҳеш қашан ырайыңызқы,
Еки аяқты бир етикке тығасыз,
Егер умытып кетсек қудайымызды.

Журиң мудам ағамызға жарасып,
Бири-бириңизге болың минәсип,
Бирак, мақтады деп бир шайыр бүгин,
Ағайлар алдында журмең ҳәк ашып.

Аналар, апалар, қарындасларым,
Гүллердиң шырайы жүзлерде болсын,
Басыңнан кетпесин алтын дәўраның,
Күндей жарқын бахыт сизлерде болсын.

Ҳеш ўақыт солмасын ығбал гүлиңиз,
Заманың зияда. дәўран сүриңиз,
Қайғы көлеңкеси түспесин сизге,
Бәҳәр гүллериңдей жайнап жүриңиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәрҳа шадлығы мол күнлер тилеймен,
Женгейлерге қызлар, уллар тилеймен,
Сизлер бизиң дәўиримиздиң гүллери,
Және де қулпырып гүллеў тилеймен.

## МУРЫН

*(Бир қызға ҳәзил)*

Билмеймен журтқа қандай бизиң мурын,
Басқада тәмпиш мурын, узын мурын,
Қақаман суўықларда көзге түсер
Гешир яңлы қызарған қызыл мурын.

Мурынлардың мен нешше түрин қөрдим,
Қызларда көп қыр, сүмпек мурын көрдим,
Сениң киши мурныңды алыстан ақ
Барлық үлкен мурыннан бурын көрдим.

## ДӘЎИР ҒАРРЫСЫ

Әширепи гөне хаттай ол,
Басында бар таза тақиясы,
Хийўадағы имараттай ол
Түсип қалған облицовкасы...

Басып өткен қыйын жолларды,
Түсте отқа нан қалаған ол.
Қазыў-қазып аўыр тоңларды
„Я пирим“ деп арқалаған ол.

Азан менен ручка таўлап,
Суўықларда муртқа муз қатқан,
Ең биринши трактор айдап,
Көпшиликке жаға услатқан.

Жер сүрген ол пазнасы менен,
Жарма ишип алып самардан.
Жаңа заман шуғласы менен
Көкиреги оның ағарған.

Ығбал нуры күлимлегенде,
Хабаршыға сүйинши берип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

„ТОЗ“ ға ким киреди?“ дегенде,
Қол көтерген биринши болып.

Көп жыллардың ауырманлығын
Алып өткен арқалап толық,
Бағ болып шайқалар жаслығы,
Ҳағлап ағар Марқа жап болып...

Жат-жамайдың үнин өширген,
Ол колхозшы болған ылғаллы.
Көп нәрсени бастан кеширген,
Көп жолларды өткен бул ғарры.

Жасы жетпис бестен асса да,
Дизесинең кетсе де дымар,
Бет-әлпетин әжим басса да,
Жаслығының ядыгары бар.

Жалғыз қалса ойға шүмер тек.
Ойлай ма ол жаслық жылларын?
Еслей ме я Ленин келер деп,
Сары қауын сақлап қойғанын?

Я басына сәлле ораған
Қасымкерди қылғындырғанын,
Колхоз кеңсесине қадаған
Ең биринши қызыл туўларын?.

Еслей ме я Шаржоу—Қоңырат
Темир жолын салысқанларын?
Қыя шөлде, турған қаңырап,
Азықларын таўысқанларын?..

Ығбалынан сөйлеп досларға,
Базда-базда мақтанып кетер.
Қыйынлықтан қашқан жасларға
Әжийнеси атланып кетер.

-Оған тайын ҳүрметли орын,
Селдир сақалы бар ақ қуўдай...
Бахыт несип болған ба бурын
Бул ҳәзирги ғарры бахтындай?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәй, жасларым, болмаң қаңғымай,
Ат қалдырыў дәстүриң болсын.
Қартайғанда усы ғаррыдай
Мақтанғандай жаслығың болсын.

## САЛАЎАТТЫҢ ЕСТЕЛИГИ

Ақедил бойында, дөңниң басында
Қараўытып көринеди бир атлы.
Ол—Салаўат! Атқа емес, ашыўға
Минип, ғужырланып турған сыяқлы.

Салаўаттың қамшы ойнап қолында,
Турыпты ол үзенгиге ширенип,
Түрыпты ол келешектиң жолында,
Алыс-алысларға нәзер жиберип.

Астындағы қайшы қулақ қаназат,
Ақедилдиң ернегине тақалап,
Дүлдил болып қанатларын жазажақ
Ҳәм ушажақ усы жерден пәт алып.

Бул тулғада күш бар сондай кәрамат,
Халық қаҳәри бир өзине сыйғандай,
Башқурт халқын мингестирип Салаўат,
Келешекке ат секиртип турғандай.

## САМАЛ САЗЕНДЕ

„Арал жағасы" дем алыў үйи алдынан тартылған сымлардан самал епкинли ескен ўақта бир жағымлы таныс нама шертилип турды. Әсиресе кеште сол нама сен тыңлаўдан жалыққанша тынып-тынып тәкиралана береди.

Әйнегимниң қарсы алдында
Нама шертер самал сазенде,
Биреў уйқылар, биреў қалғыўда,
Нама шертер самал сазенде.

Сым шертилип нама туўады,
Бир жағымлы муңлы саз болар.
Самал тынса, нама тынады,
Самал ессе және қозғалар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шертилгендей мисли сыбызғы,
Онда бардай бир сырлы мәнис:
„Жигит ойлар сағынып қызды,
Дийдарласар ўақытлар алыс..,“

Аспанда ай бағар қыялап,
Ғарез оның желиси муңлы.
Кеўилинде сағыныш уялап,
Татлы сезим тербейди түнди.

Шертилип тур бир нама сымнан,
Бул сезимниң жоқдур жортасы,
Мен таныдым: шертилип турған
Эол емес, Арал арфасы.

Таң атқанша, тыңла-тыңлама,
Шертиледи етпессең ҳамал.
Уйқыламайды текте сол нама,
Уйқыламайды сазенде самал.

## ЕСЛЕЎ

Әйне онсегиздиң мәҳәли келип,
Жигитлик самалы урды мурынға,
Маған ашықлықтың мәҳәли келип,
Ашық болып қалдым дилбар сулыўға.
Жүрдик биз екеўмиз урыдай шетлеп,
Бағдың қараўылы урысып өтти.
Бир топар жигитлер өтти ермеклеп,
Қызлар қасымыздан күлисип өтти.
Жүрейик деп журттың көзинен аўлақ,
Кеттик бир жақларға, кеттик сай таман.
Турар еди мениң көкирегим сайрап,
Ҳәзир айтсам нағышларын жойтаман.
Самаллар қозғаған суўдай дирилдеп,
Турды дилбар қыздың жипек көйлеги.
Бир-биреўге зорға тийип ийин тек,
Сөзлердиң орнына көзлер сөйледи.
Жаз келсе сонасы, ҳәрреси шағып,
Күнлер буннан бетер жылыйды, дедик.
Гәпимиздиң әрре-тәрреси шығып,
„Тоғайда сағаллар улыйды“ дедик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еситилип әтирапта жәнликлер сести,
Зәнгәри тынық суў-сай тынып турды.
Бул уақта бизлерге күлмеди ҳеш ким,
Тек те төбемизде Ай күлип турды.

* * *

Қараңғы түнди жамылып,
Қосық жаздым аппақ-аппақ.
Сезимлерди жулдыз киби,
Шашып жаздым аппақ-аппақ.

Пәклик бир нурлы ағыста,
Сулыўлық-татлы даўыста.
Шақырар мени алыстан
Қарлы шыңлар аппақ-аппақ.

Айдын, айдын, айдын жоллар,
Айдын жолларды ел қоллар,
Аралдағы ақ желқомлар
Нийетимдей аппақ-аппақ.

Ақ нур әлемге шашылар,
Қара нийетлер басылар,
Гүз келсе пахта ашылар
Бадырақтай аппақ-аппақ.

Атқан әжайып ақ таңлар,
Атамнан алған ақ пәтиям бар,
Гүзди күлдирген пахтам бар
Қырман-қырман, аппақ-аппақ.

Қара сыям ақ нур емди,
Сулыў сезимге бөленди,
Ақ етиў ушын әлемди
Қосық жаздым аппақ-аппақ.

## ҚАНДАЙ ЖАҚСЫ ТУЎҒАН ЕЛИМ!

Туўған елим мақтанаман,
Көзлерге ысық көркиң бар,
Көрген сайын шад боламан,
Кеўлим тасып толқынланар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бийик-бийик имаратлар,
Аспанды гөзлер қаламда,
Шайқалады жаңа бағлар,
Кәмалға келдим аянда.

Көкирегим болар таўдай,
Өзиңди көрип елатым,
Жан ишинде өзиң жандай,
Туўған елим, сен қанатым.

Журсин деп еркин өзиңде,
Кесилген мениң тусаўым.
Күндизиңде ҳәм кешиңде,
Жәннетке мегзер қушағың.

Қандай жақсы туўған елим,
Қандай жақсы заманым,
Рәҳәтим, бахтым мениң,
Раўажым ҳәм кәмалым.

## ВЕТЕРАН СОЛДАТ

Минадан шашырап тийген пытыра
Ҳаўа бултласқанда қыйнайды ҳәрўақ;
Медалларын көрип қобдый-қутыда,
Жаслығын еслейди ветеран солдат.

Қузғынды шәменге жолатпаў ушын,
Бағларда бүлбиллер қонақлаў ушын,
Ўатан ар-намысын талатпаў ушын,
Талай жараланды ветеран солдат.

Астында жүрсе де жәбир тасының,
Пайдасын умытып қара басының,
Мудам атын айтып сәркәрдасының,
Душпанға топылды ветеран солдат.

Айқас пенен өтти жаслық өмири,
Орден, медалларға толды өңири,
„Аҳ, сол урыс қатаң болды оғыры"
Деп гүрсинип қояр ветеран солдат.

Жасларды көргенде шағлап шалқыған,
Қызығып, сүйсинип қарар артынан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Жаслығын қорғадық, болмадық жаман",
Деп мақтаныш етер ветеран солдат.

Ҳәржыл жеңис күнин байрамлағанда,
Ул-қызлары менен сайранлағанда,
Жеңистиң қадирин ойланбағанға
Ой салып өтеди ветеран солдат.

Жүрсе де бул күнде ўақты хош болып,
Өткен өмир жолы аўыр көш болып,
Урыстың гүўасы-тири естелик—
Жеңимпаз жаўынгер, ветеран солдат.

### БҮРКИТ

Бүркит қона алар бийикке, жарға,
Қалеген жерине жайып қанатын.
Саясын түсирип тақырлықларға,
Әне, шөл үстинде ушып баратыр.

Оның пәрўазына қарадым көкке,
Түсип кете жазлап қалды қалпағым:
Ол ушып баратыр Қара таў бетке,
Изинен телмирип шықты аң-таңым.

Қасымдағы ғарры шопан бирақ та,
Бүркит пәрўазына қызықсынбады.
Дүмпешик басында, меннен жырақта
Қой-ешкиниң маңыраўларын тыңлады.

Төмен түсип айтты маған мынаны,
—Қанатлының бәри бирдей жақсы емес,
Бүркит қозыларды ойран қылады,
Балам, сен бүркитке болмағыл ҳәўес.

Бүркиттиң жери жоқ адам сүйинер,
Айтайын: аўылға келген шай қуслар
Таўықлардың зеребесин үйирер,
Тырнағында кетер шөже байқуслар.

О,-ҳо, қанат деген бәринен зыят,
Керек пәрўазыңды жөнлеўиң ушын.
Ыразы емеспен ана-тәбият,
Жыртқышларға қанат бергениң ушын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

## ТӨРТ ҚЫЗҒА ҲӘЗИЛ

*экспромт*

Бир жайда турасызлар төртеў болып,
Жигитлер келе берер көркем болып,
Солардың тасырлысы уйқы бермес,
Өткей дә тойларыңыз ертең болып!

Сизлерге әрман керек, үмит керек,
Төртеўиңизге төрт түрли жигит керек,
Қасийетсиз жигитлерди қуўатуғын
Қолыңызға бир-бирден шыбық керек.

Керилме қасларыңды қыйып салың,
Жаманнан жолларыңды бурып салың,
Жигитлер төрт боп келсе күтип алың,
Бес боп келсе биреўин қуўып салың.

## ЖҮРЕГИМ СӨЙЛЕР...

Ашықлықтың орны бир бөлек,
Гәўҳар болар ықлас-тилегиң,
Сен айтарсаң мени гүң бе деп,
Зибаным лал, сөйлер жүрегим...

Қыз алдында албырамасаң,
Болмағаның онда шын ашық.
Көзиңизге көринсем босаң,
Таппағаным сөзди минәсип.

Ҳалы солай басқалардың да
Ашық болса дилбарға гүлге,
Алдам-қалдам болып алдында,
Албыраған ҳалыма күлме.

---

Көрингениң мен ушын байрам,
Қыялымда барсаң сен гене,
Минезиме болмаңыз ҳайран,
Сүйген адам усар делбеге.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жанып турар жүрегим-шамым,
Қосық жазып солқылдар шекем,
Билсеңизлер ашықтың ҳалың,
Шайырлық та ашықлық екен.

* * *

Алғыс айтып бахыт таңлары ушын,
Биз жасаған Ўатан бостан деп турман.
Бул дүньяның абат болмағы ушын,
Жақсыны жақсыға қоссам деп турман.

Биймақсет жасаған өмир уйқыдур,
Қанша кеўиллердиң еле қулпытур,
Өзим қарақалпақ, тилим түркидур,
Кеўил сандықларын ашсам деп турман.

Ирeңлер қубылысын, ойын-жылўасын
Дүнья қушағына бәрҳа жыйнасын,
Ал, өзим кеўлимниң ҳасыл дүньясын
Дүр етип дословарға шашсам деп турман.

Маған алтын емес, дийдар сүйкимли,
Кеўлим сүймес ҳәргиз сүгкор, қыйқымды,
Ондайларға берип малы-мүлкимди,
Жанына жоламай қашсам деп турман.

* * *

Архитектор қыз дер сени,
Бойларыңда нағыш-нағыш,
Көшемизге лып-лып қадем
Қойғаныңда нағыш-нағыш.
Қаламыздың көркин өзиң
Сызып жүрсең қыялыңда,
Шийрин-шийрин сезимлериң,
Ойларың да нағыш-нағыш,
Аң-таң болған жигитлердиң
Ушып түсер ақ қалпағы,
Бийик-бийик имаратлар,
Жайларыңда нағыш-нағыш,
Талўас етсең бул тақлетте,
Жер қалмас нағышланбаған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хан атлас көйлегинде,
Сөйлеўиң де нағыш-нағыш,
Шадықоррамлық шашылған
Сазлар болып ҳаўаз болып,
Жаңа қоныс дәстурханы,
Байрамың да нағыш-нағыш.
Мың заман жетпес ҳәргиз
Мениң бул заманыма,
Кешиң де, азаның да
Қай ўағың да нағыш-нағыш.

* * *

Ат орнына ешек жатып
        Ҳеш ўақытта тулпар болмас,
Қанша тәрбият қылсаң да,
        Саўысқаннан суңқар болмас.

Қуяшлы жерде гүл өсер,
        Болар гүлдиң көлеңкеси,
Ербек-сербек ағашлардың
        Саясы да сыйдам болмас.

Егер де самал болмаса
        Қыймылдамас шөптиң басы.
Ханасына сыймас адам,
        Тегинликте қыйқаң болмас.

Ҳәй сәўдигим, саллана кел,
        Тиймегил шайыр зейнине,
Пәҳим әйлесең; дийдарыңа
        Меннен артық инкар болмас.

Азияның қызлары көп
        Бири-биринен зыяда,
Бирақ, олар сен сыяқлы
        Көзлери қуңқар болмас.

*18-Декабрь, 1973-жыл.*

* * *

Мен он жети жасар едим...
        Бир мәртебе келип кетти.
Жаслығымда өжет едим,
        Жыллар мени жонып кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигирма бес, отызымда,
Саз-сәўбетке ере жүрдим,
Айлана әтирапыма,
Дос-яранлар толып кетти.

Бир достым мениң аңкылдап,
Көп сөйлер еди паңкылдап,
Ақырында ўадыўасыл,
Мәскүнемге ерип кетти.

Бир достым мениң мүлайым,
Күлип сөйлеўин умытып,
Хабарласар көктен бизге,
Ол ҳәмелдар болып кетти.

Бир достым мениң мудамы,
Бир жатып, бир турар еди,
Оның да көп машқаласы,
Кеше зорға қонып кетти.

Он еки айда төрт мәўсим
Түрли-түске дөнгениндей,
Досларым мениң бүгинде
Түрли-түрли дөнип кетти.

*19-Январь, 1973-жыл.*

* * *

Жақсылар бәрҳа қадирли,
Жаман адам қайда болмас
Жаманды жаман дей берсең,
Оннан жақсы пайда болмас.

Сен биреўди жақсы десең,
Басқа биреў жаман дейди,
Жалғыз адамның кеўили
Ҳәмме ушын айна болмас.

Жақсыдан жаман туўылып,
Ата-ана баўырын дағлар,
Жаманнан жақсы туўылып,
Ел сорары ойда болмас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәрт жигиттиң көп ишинде,
Болар гедир-будырлығы;
Қайқы болар, дүңки болар,
Бирақ ҳәргиз майда болмас.

* *
*

Гей биреўге кемпир десең,
Өкпе қылып арсынады.
-Ким айтады: кеўилдиң
Қартайғаны қайсы ўағы?

Қартайыўды қалемейди,
Кеўил қурғыр, не шара бар?—
Тек те тәниң әззиленип,
Ғаррылыққа бойсынады.

Қартайған базы ғаррылар
Ойын-күлкини хош көрмей,
Айтар жеңиллеў жасларға;
„Ойыныңды қой, шырағым".

Не себеп екен жоралар,
Гейбиреў барын жасырар,
Гейбиреўлер жоғын айтып,
Көп ишинде байсынады?

* *
*

## ҚАЛЕМЛЕС ӨЗБЕК ШАЙЫРЛАРЫНА

Ким де ким шайыр болса,
Абдулла ҳәм Еркин болғай,
Жүреклерде меҳир болғай,
Қосықларда толқын болғай.

Орташа шайырларға
Шериятта жулдыз болыў
Ар-уятта жулдыз болыў,
Жулдыз болыў мүмкин болғай.

Шайыр деген-жақсы адам,
Таныс адам, қалыс адам,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сақал-муртың болмаса да,
Қосығында муртың болғай.

Өзбек деген өз ағамыз
Ташкент қутлы босағамыз,
Қарақалпақ шерияты,
Өз дүньяң, өз мүлкиң болғай.

*18-Декабрь, 1973-жыл.*

* * *

Дүньяда теңиз жоқ шығар,
Сууын дауыл шайқамаған,
Гейде өзимниң кеўлимди,
Бир теңиз деп айталаман,

Илаҳийда гөззал көрсем,
Жаным сыймас ханасына,
Пәкизе мына дүньяның
Көркин көрип шайқаламан.

Сүйемен деме дилбарды,
Егер де артық көрмесең,
Гүл жүзли Гүлайымнан,
Ай жүзли Айпарадан.

Шын кеўилден сүйе алмасаң,
Өмириңди бағыш етип,
Оның берген орамалын,
Кир жуқтырмай қайтар оған.

Сен оған шын кеўилден
„Сүйиклим!" деп айталмасаң,
Пәрмана болып биреў,
„Баршыным!" деп айтар оған.

* * *

Өзиңдей жаныма жақын
Бул дүнья бар ма, нигар,
Көзлериңниң қыйығын
Басқаларға салма, нигар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен оларға хош қылықлым,
Әжеп қылып қарап қойсаң,
Көзиң отынан от алып,
Кететуғын ҳаллары бар.

Сен сыяқлы салтанатты
Түсимде де көргеним жоқ,
Буның ушын ант ишейин,
Ант иш десең, олла, нигар.

Жаныңа жақын барып,
Сөйлесиўим мүшкил мениң.
Басқалар сениң алдында
Қаўпек сөзди тонна қылар.

Хош қылықлым, көшеде
Жақын жүрме жалатайға,
Муртлысы ма, муртсызы ма,
Қай бириниң оңғаны бар?

Сениң қылықлы қыймылың
Қозғап өтер қыялымды,
Ай киби азадалық
Әлпетиңнен аңғарылар.

Бул дүньяда болмайды екен
Әрмансыз адам ҳәргиз,
Әрмаңсыз деп жүргенимниң
Ат басындай әрманы бар.

*15-Июль, 1970-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ПОЭМА

## УРЫС ДӘРТЛЕРИ

Естелик тур. Урыс ўақлары
Қаза тапқанларға қойылған.
Мәрмер тахтайларға атлары
Алтын ҳәрип пенен ойылған.

Естеликтиң дөгерегинде
Қулпырып тур гүл өскен алап.
Шейит өлген жаўынгерлерге
Бир-биреўден тигилген дарақ.

Көйлеклери ақ пионерлер
Ҳәр бир түпке жүрер суў қуйып;
Ирәң—бәрең ашылған гүллер
Оннан сайын жайнар қулпырып.

Әне кемпир . . . Тахта—тасларға
Тийгизбекте әзиз маңлайын,
Той липасын кийип бул манда,
Жас жубайлар келер ҳәрдайым.

Бир-бириниң муҳаббатына
Етпеў ушын ҳәргиз қыянет,
Қосып тойдың салтанатына,
Естеликти әйлер зиярат.

. . . От жанып тур, лаўлап тур жалын
Жаўынгердиң жүреги яңлы.
Бири мәлим. бири биймәлим,
Шейитлердиң руўхы мәңги!

* * *

Естеликтиң ашылған күни
Көп нәрсениң болдым гүўасы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Болады екен өмирдиң түни,
Ҳәм де оның жақты қуяшы.

Келди бунда лек-лек аламан,
Келди бунда кемпир-ғаррылар.
Келди бунда кеўли жәм адам,
Келди бунда муңлы-зарлылар.

Узын, қызыл лента кесилип,
Сөз сөйледи үлкен ақсақал.
Мәресизге үнсим түсинин,
Тыңлап тура берди басқалар.

Бул сондай бир мәресим еди
Шадлығы да, қайғысы да бар.
Бул сондай бир мәресим еди
Алғысы аа, ғарғысы да бар.

Бирим-бирим сөзлер берилди.
Ҳәрким бунда сөйледи қалеп,
Болды бәри сондай орынлы,
Жаўдырылды урысқа нәлет.

Сөз сөйледи урыс жыллары
Аўырлықты арқалағанлар
Сөз сөйледи қайғы-муңлары
Еле берин тарқамағанлар.

Сөз сөйледи көп үмит етип,
Мәрт уллары келмей қалғанлар.
Сөз сөйледи дуз несип етип,
От ишинде өлмей қалғанлар.

Сөз сөйледи жүрек баўыры
Урыс пенен тилкимленгенлер,
Жапаларға жетип сабыры,
Сол жыллары бир күлмегенлер.

Сөз сөйледи кем кеўил жигит,
Сөз сөйледи тул қалған ҳаял,
Кеўилдеги шерлери жибип,
Бирим-бирим әйледи баян.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Дәл ортаға шықты бир майып,
—Есер!—деди биреў бир ўақта,
—Есер болсадағы тыңлайық,
—Сен олай деп мийин ғуўлатпа!

—Билемен ғой оны, қоңысым,
Ол қызба!—деп жулқып таслады.
Арақ берсең ишер толысын,
Деп бир киси иркип таслады.

—Олай деме,—деди биреўи,
—Олай деме,—деди бөтени.
Бийшараның ҳадал жүреги,
Сөз сөйлесе қызып кетеди.

Ол кисиниң дәрти басқаша,
Ол көп тартқан урыс зардабын.
Үйленбеген усы жасқаша,
Тек қушақлап жатар балдағын.

—Мине, көрип турсаң ғой ҳалын,
Бул кисиниң несин сынайсаң!
Иши толы күйик ҳәм жалын,
Аҳыў-зарын айтса жылайсаң.

Ағасы жоқ, яки иниси,
Қара шашын басқан қыраў да..
Қызараңлап жаңағы киси
Сөз бермеди тағы буларға.

—Айтпаңыз дә болмаған гәпти!
Сөйлесе ол қызып кетеди.
Тап гереңдей сөйлейди қатты,
Мерекени бузып кетеди.

Ийти менен ғана сөйлесип,
Отырады үйинде күнде,
Сөзин жаяр самаллар есип,
Қоңысымыз иргеме-ирге.

Әрре-тәрре айтқан гәплери,
Ол сөйлесе мийиң қатады,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әжептәўир ҳәрекетлери,
Шолақ қолын шошаңлатады . . .

Түнлер бойы „мылтық“ атып тек,
„Урра! Урра“ айтып қышқырар.
„Фашист капут„—тамам болды„ деп
Айтқанларын еситкенлер бар,

Гей түнлери өзинше датлап,
„Атака! “ деп турады дейди.
Бөлмелерден бөлмеге атлап,
„Саўашларды“ қурады дейди.

Қолтығына қысып балдағын,
Мылтық етип жүреди дейди.
Гә шақырып урыс әрўағын,
Шақалақлап күледи дейди.

—Неге оған бүйтип тийистиң!
Жанларына тийгенлер айтсын!
Қыян-кести қанлы урыстың
Жалынына күйгенлер айтсын!

* * *

Сол майыпқа әстен көз салдым,
Арасынан уллы жыйынның,
Адам екен кеўли тасқан дым,
Қошқарындай екен қырымның.

Қатар-қатар медалъ тағылған
Көкиреги жарқырап-шықты.
Сөз сөйлеўди сондай сағынған,
Арысландай арқырап шықты.

Күн батарға еңкейген қуяш
Төгип турар еди сәўлесин,
Көк жийекке көз салып бираз.
Төгип салды сонда ҳәммесин.

Көтерип ол гейде мушын да,
Төгип салды барлық дәртлерин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайғысын да, қуўанышын да
Жазып алды кеўил дәптерим.

Аспанның да болмай мәниси,
Жаўып турды жаўын силпилеп.
Шығып турды онық даўысы,
Гүлдирмама яңлы гүркиреп.

### УРЫС МАЙЫБЫ

Керекпеди ҳүрмет-сый турып,
Саўаш қурып адам атыўым?
Керекпеди жыллы үй турып,
Муздай окопларда жатыўым?

Керекпеди жан алар болып,
Саўаш майданына барыўым?
Керекпеди жарадар болып,
Бир мүгедек болып қалыўым?

Керекпеди маған қызыл қан,
Керекпеди қалыўым жалғыз?
Керекпеди үйлер бузылған,
Яқ ҳәргиз, яқ ҳәргиз!

Керек емес еди бәри де.
Керек қылды буны душпаным,
Бурын ислемеген кәриме
Жетеледи мениң ҳужданым.

Ўайран болса егер ҳадал зат,
Адам басса иплас аяғын,
Душпан болса сондай адамзат,
Керекпеди мениң аяўым?

Керек емес еди, халайық,
Керек десем, борлай тозайын.
Душпан айыбына ылайық
Жеўи керек дәкки-сазайын.

Аяр болса кимде ким жаўын,
Онда өзин аямағаны.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Басқылатса Ўатанның бағын,
Өзин өзи заялағаны.

Жеңис келеди деп инандым,
Жеке мэптиң жолын питедим,
Досларымды көрип қуўандым,
Жаўызларды көрип түтедим.

Кек жалынын шашып жаўларға,
Тутеп турды автоматым да,
Жалын еди атқан таңлар да,
Жалын еди жазған хатым да.

Қолымдағы қурал жараққа
Ғазебимди қосып оқладым,
Адамларды емес бирақ та.
Жаўызларды атты оқларым.

Не-не саўашларды көрдим мен,
Фашист болды мениң нышанам.
Аттым, аттым, ата бердим мен
Адамларды ҳайўан қусаған.

Қызба емес едим бурын да,
Жаўыз душпан мени қыздырды.
Қызғын саўашларда, шынында,
Өз тумсығын өзи буздырды.

. . . Силтемес ем адамға таяқ,
Қатты сөзди көрдим гүнадай,
Кийиклерди атпас ем аяп,
Жаўызларды аттым аямай.

Тыңлар едим бүлбилдиң сестин,
Билмес едим сирэ қызыўды,
Көрмеп едим ҳеш бир гижинип,
Жаўызларға қатты гижиндим.

Нэлетийлер ҳэддинен асып,
Ана жерди басқылап атыр...
Ўатанымның бетинен басып
Атырғаны емес пе ақыр!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Солай болса қалай турасаң,
Солай болса адам шыдай ма?
Тумсығына ғана урасаң,
Пайғамбар да болса. қудай да.

Сауашларда қанымды төктим,
Душпанлардың қанын ағыздым,
Қанша-қанша жоллардан өттим,
Қаны сасып жатты жауыздың.

Мени қанқор demeңлер бирақ,
Аузыңызға алмаң ондайды.
Жауызларды жоқ етиу сауап,
Қанын төккен қанқор болмайды.

Мақтанышқа кеулим толсын деп,
Тағып жүрмен, мине, орденлер,
Берилмеген ҳайран болсын деп
Өңириме қарап көргенлер.

Сауашларға өңир толтырып,
Орден тағыу ушын бардым ба?
Орденлерди адам өлтирип,
Көрсеткеним ушын алдым ба?

Яқ. яқ адам өлтирмедим мен,
Адам емес, фашист өлтирдим,
Ордаларын тилкимледим мен,
Тууын жықпай жүрдим еркимниң.

Жөнсизликке жаным көне ме,
Душпанымды қуудым жеримнен.
Миндирмедим оны төбеме,
Соның ушын орден берилген.

Атақ алыу мәр емес еди,
Жауды жеңиу мәр еди, дослар,
Атақлардан, даңқлардан уллы
Ар-намысым бар еди, дослар!

Ар-намысым еди бағларым,
Ар-намысым ҳәр түби еди.
Ар-намысым Украинаның
Киеви ҳәм Харьковы еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ар-намысым еди ана-жер,
Ар-намысым еди Москва,
Кек жалыным шарпыса егер,
Жандырардай еди тасты да.

Ар-намысым Ўатаным толық,
Ар-намысым Калуга еди.
Сталинград өртлери болып,
Мениң жаным жаныўда еди.

Тататуғын дузың көп дейди,
Көп жерлерди көрдим, гүмансыз.
Қызғын саўашларда оқ тийди,
Аяқ кетти, қалдым димарсыз...

Күшлеримди күшиме тиреп,
Жерге тиреп шығанағымды,
Тислеримди тисиме тиреп,
Автоматтан шаштым жалынды.

Жеңилмеўим ушын жаўымнан,
Алға қарай, алға жылыстым...
Адам болып қалдым жарым-жан,
Ақыбети мине урыстың!

Мине, енди мениң турысым
Мәрмәр сүтинлерди сыйпалап,
Киноларда көрген урысын,
Етип кетти мени бийталап.

Қане мениң қолым болғанда,
Темирлерди қайыстырар ем!
Мен де барып партаў, тыңларға,
Егинге жер қайыстырар ем!

Қане мениң аяғым болса,
Қайра-қайра жерди басар ем!
Барар едим қаяғың болса,
Еллер гезип, зейин ашар ем!

Қандай жақсы тилим болғаны!
Ҳәсиретимди айта аламан,
Мениң елим орақ-балғалы,
Бирақ ислей алмай жанаман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қандай жақсы тилим болғаны
Көп өртеген өзеклеримди
Баян етип, душпанға тағы,
Жаўдыраман ғазеплеримди.

2

Жаў көрсетип журтқа қысымын,
Турар еди қатқан қулп болып,
Адамзатқа ығбал есигин
Ашар едикбизлер гилт болып...

Душпаныма қатты гижинип,
Оқлар аттым жатып окопта,
Кеткенинше жаным үзилип,
Кайтпай қарсы турдым наҳаққа.

Жетиў ушын жеңис тойына,
Не-не азапларға шыдадым.
Жыламадым төрт жыл бойына,
Жеңис күни ғана жыладым.

Көкирегим қарса айрылып,
Мен урыстан үйиме қайттым.
Қанатымнан қалдым қайрылып,
Шойдығына дус болып дәрттиң.

Түхымымды урыс жоқ етти,
Мен ғарипте болмаса тырнак...
Сол нәлетий урыс себепли
Дәрт жүрипти ишимди тырнап.

Сол жеңистиң шадлығы менен
Қустай болып ушып келип ем,
Тийип еди көклерге төбем,
Үйге келип көрдим нени мен?

Үйге келсем, үйим музлаған,
Оты өшкен ошақ бар текте,
Жүк үйиўли қаддин бузбаған,
Шыпта, кийиз төсек бар текте.

Қайда кеткен мениң ата-анам,
Мең-зең болып кетти мийим дым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Терек айрылғандай шақадан,
Пышығы да кеткен бул үйдиң...

Қайда кеткен мениң алғаным!
Төрт жыл шыдап күтпегени ме?
Қайда мениң күткен, әрманым?
Жете-алмадым түп-дәрегине.

Соң түсиндим: Әкем, шешем де
Көп күйиктен өлип кетипти,
Дуўшар болып аўыр кеселге,
Гүлдей болып солып кетипти.

Ал некели мениң ҳаялым...
Излеп жүрдим оны бирдей мен,
Сораманлар енди оя ғын,
Қайда кетип қалған? Билмей мен.

Саўашларда өлген үш иним,
Қара қағаз келген бәрине,
Нуры сынды кеўил хошымның,
Айтың енди, бунның еми не?

Үй-ишинен бир өзим қалдым,
Үйим қалды мениң қаңырап,
Қарап көрсем есиктиң алдын,
Ылақ та жоқ турған маңырап.

Бунша қатал өмирдиң жолы,
Як, көрмеймен оны қудайдан.
Бурынлары адамлар оны
Соғып алған түрли ылайдан.

...Жалғыз улы урыста қалған
Бир кемпирдиң улы болдым мен.
Мәдет таўып азырақ оннан
Пүтинирек болып едим мен.

Ана болды маған жана-жан,
Бүйтип бақпас өзи туўса да.
Бир нешше жыл өтип арадан,
Өлип қалды кемпир бийшара.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оннан кейин, оннан кейин мен
Қатты қыйын аўҳалға түсип,
Жыллы орын берип үйимнен,
Пышық асырап, сақладым күшик...

* * *

Қамсықты ма билмедим, бирақ,
Усы жерге келген ўағында
Үнсиз қалды дағы азырақ,
Даўам етти сөзин тағы да.

... Отыз еки един бәримиз,
Қыйын еди ҳал-жағдай, дослар.
Тек мен болдым соннан саўымыз,
Ким жанады мен жанбай, дослар!

Бир аўылда соншама адам!
Бәри ҳүрдиң көркиндей жанлар.
Дийдар несип етпеди маған,
Ким күйеди мен күймей, жанлар.

Урыслардан оралған жалғыз
Тек мен болдым аўыл ишинде,
Жүзим мениң болмай ма аңдыз,
Болса сонша ҳәўир ишимде.

Келгенимди көрген аналар
Балаларын меннен сорады.
Шапқыласып жүрген балалар
Ағаларын меннен сорады,

Мени көрип барлық аўылдың
Аўатуғын еди аңсары,
Жарты болып келген жанымның
Шықты әбден аңсақ-саңсағы.

Қайда барсам сораўлар тайын,
Қайда болсам улын сорайды.
Қайда барсам жылаўлар тайын,
Келетуғын күнин сорайды.

Қайда барсам муңлы аталар,
Қайда барсам быжнаған сораў.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайда барсам кеўли қапалар,
Ишлери қоз, ғыжлаған сораў.

Қайда барсам қурдас-келинлер
Сорар әжағасын, күйеўин.
Өзлериң ақ айтып бериңлер,
Қайсы дәртлер менен күйейин!

Қайда барсам „қара қағаз"лар,
Қарсы алдыма тутып турады.
„Бизиң жайдың жақтысы азлаў'
Деп әкелер шүтик шыраны.

„Ол қағазға ҳәргиз инанба'"
Деймен бе мен оларды алдап?
Шыныи айтып жылатаман ба?
Бир өзиме түседи салмақ.

Ырас айтсам, болар жылаў көп,
Өтирик сөйлеў жолын таңлайман,
„Улларыңыз келеди, саў" деп,
Бир шетинен бәрин алдайман.

Күтти олар, күтти олар көп,
Келетуғын бала болмады...
Ана кеўли хабармасын деп,
Өтиригим ада болмады.

Өтирикши, жалған палкердей,
Келмеди ҳеш мениң айтқаным,
Ата-анасы күтеди бирдей,
Ал, уллары еле қайтпады.

4

Мен бийкарға оқлар атпадым,
Мен бийкарға майып болмадым.
Не суўларды кештим батпадым,
Не отларды кештим, жанбадым.

Мен де жулдым, мен де жулындым,
Үстин ашып турман жараның.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғағдийр айдаўында қуўылдым,
Варшавада қалды аяғым.

Бахыт ушын бәрине көнип,
Өлимге де туўры барайын.
Усы жерде естелик болып,
Мәңгиликке қатып қалайын.

Үмит толы көзлерим менен
Усы жерде қатып турайын.
Қатайын мен, ғазебим менен
Жаманлықты атып турайын.

Қатайын мен, жаўыз душпанға
Муздай болыў ушын қатайын,
Қатайын мен, өмир жасларға,
Қыздай болыў ушын қатайын.

Булкараға келип аламан,
Мениң майып ҳалымды көрсин,
Урыс салып кеткен жарадан
Ҳазар шеккен жанымды көрсин.

Билсин олар ата жолларын,
Жеңилмеўге ҳүким еткенин,
Шолақ етип аяқ-қолларын,
Ал, Ўатанын пүтин еткенин.

Урыс дәрти батар сүйекке,
От жағылсын бәрҳа ойланып,
Мине усы жақсы нийетте
Қалайын мен тасқа айланып.

Барылмасын ол жолға қайтып,
Не қаттылық көрди басгенем.
Сол урыстың апатын айтып
Сөйлеп турсын мениң тас денем!

* * *

„Тынышлық керек гүллән жерге" деп
Ол сөйлеп тур. Тилинде Ўатан,
Ол сөйлеп тур қолын сермелеп,
Ол сөйлеп тур, сөзлери қатаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол сөйлеп тур. Көзинен көзжас,
Тамайын деп турып тамбады.
Ол сөйлеп тур сурланып аз-маз,
Жыламаған кемпир қалмады.

Ким улларын жоқлап жылады,
Ким инисин айтып бозлады.
Ол сөйледи, сөйтип жаралы,
Жүреклердиң дәртин қозғады.

*
* *

Жылай гормең енди адамлар,
Көзлер жақсын гәуҳар шырасын,
Қайғы албаслысын сабаңлар,
Өксип-өксип өзи жыласын.

## АҚ ЖАЎЛЫҚЛЫ ҲАЯЛ

I

Ел басына мүшкил әламат
Тууылғанда ишинде барман.
Мине деген қурғын шаңарақ
Жығылғанда ишинде барман.

Қаттылықта қатайып өсип,
Қатқанлардың ишинде барман.
Ашшы болды бизиң дуз-несип,
Татқанлардың ишинде барман.

Сары майды урысқа берип,
Сарғайғанның ишинде барман.
Жапасы мол, жәбири толық
Ҳал-жағдайдың ишинде барман.

Ошақ ушын отын арқалап,
Төккенлердиң ишинде барман.
Колхоз жүгин пүтин арқалап,
Өткенлердиң ишинде барман.

Ортаға бир шөрек шығарып,
Бөлискенниң ишинде барман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түни менен ғорек шығарып,
Енискенниң ишинде барман.

Жигитлерге орамал салдым...
Нағыслардың ишинде барман.
Мен де күйдим, мендағы жандым,
Қайысқанның ишинде барман.

Ҳәрбир күнди алданып күтип,
Түтегенниң ишинде барман.
Сәўер ярды сарғайып күтип,
Жүдегенниң ишинде барман.

Қосық айтсақ қосылып айтқан
Қурдаслардың ишинде барман.
Бир-биреўди түсинип айтқан
Мунласлардың ишинде барман.

Еки жарты бир пүтин болып
Отырғанда ишинде барман,
Жаман хатты жақсыға жорып
Оқылғанда ишинде барман.

Солдатларға кеткен көптен-көп,
Сәлемлердиң ишинде барман.
Айта берсем бастан өткен көп,
Әлемлердиң ишинде барман.

Мен нелердиң ишинде жоқпан!
Жарты болып қалды пүтиним.
Өмир маған тас болды батпан,
Жуттым шаңын, жуттым түтинин.

Гей адамлар урыстың отын
Бул жерлер ҳеш көрген жоқ дейди,
Өртенбеди үйимиз лекин,
Бизиң жанымызға от тийди.

Өмирим өтти мениң әрманда,
Урыс жәбирин тартқан ҳаялман.
Жаўынгерлер жаралағанда,
Мениң жаным қанға боялған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тилер едим кекли жалынның,
Жаўға басар шоғы болсам деп,
Тилер едим сәўер ярымның
Мылтығының оғы болсам деп.

Шыдағанбыз қысым-қыстаўға,
Қараңғыдан жақты көргенбиз.
Көз жас пенен емес душпанға,
Ғазеппенен соққы бергенбиз.

Фронт ушын, жеңис ушын деп,
Пахта тердик, журдик қый тасып.
„Қандай қыйын айра тусиў деп"
Қосық жазсақ кетти уйқасып.

Жақсы хабар журтқа таралғай,
Келгей ярдың даўысы, дедик.
Аман-есен елге оралғай
Кеткенлердиң бәриси, дедик.

Күн батырдық маңлай тер менен,
Қазыў қаздық қолға бел услап,
Жүреклердиң дәртин тербеген
Қосық айттық сондай нағышлап.

Кеўилимиз жарты болса да,
Пүтин еди намыс-арымыз.
Дәрт көп еди бизде сонша ма,
Жеңис еди бизиң дәримиз.

Бул сөзлерим соңғы әўладқа
Туйылады, бәлким, ертектей.
Жылап алдық текте аўлақта,
Болып алдық нағыз еркектей.

Үш жыл бойы маңлай теримнен
Ярым ушын ақша жыйнадым.
Аман қалсын деп ол өлимнен,
Тамағыма ҳәтте қыймадым.

Қарағанда төртинши жылға,
„Бес мың манат пул" деп жибердим.
„Қосып-шатып бул берген пулға
Танк алып мин" деп жибердим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қауип дөнсе қорға жанынды,
Сол танктен от аш деп жибердим,
„Аямастан душпанларынды,
Сол танк пенен бас“ деп жибердим.

„Алдыңға“ деп соңғы хатларда
Қайта-қайта сорап жибердим.
Қара дақлар түсти әқларға...
Ең соңында жылап жибердим.

Журтлар оны өлди демесин,
Айталмайман оны дурыс деп.
Кутип журмен оның елесин,
Кийимлерин журмен ийискеп.

Яр руҳый мәдет болсын деп,
Белбеўлерин бууўдым белиме.
Сум урысқа нәлет болсын деп,
Гүл көгерттим тууған жерине.

Мен өзиме ар-намыс көрдим
Басқаларға тийип кетиўди.
Тек ойладым ол жаўынгердиң
Мәрт рууҳын бийиклетиўди.

2

Төрт жыл бойы көзлер төрт болып,
Биз күткенбиз кеткен ерлерди.
Кеўил сандығына дәрт толып,
Сағынғанбыз бесик тербеўди.

Душпанлардың гүлин солдырып,
Үйимизге кирип май келди.
Төрт жыл бойы көзлер телмирип,
Сағынғанбыз ҳәййиў-ҳәййиўди.

Кеўлимнен аўыр жол өтти.
Жақсылыққа менде инкарман.
Сол қаралы урыс себепли,
Мен ҳаялман жалғыз, тул қалған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Армияға тиледим мәдет,
Шектим зақмет, жуттым запыран.
Урысларға айтаман нәлет
Барлық ҳаяллардың атынан.

## ҚАРА ЖАЎЛЫҚЛЫ ҲАЯЛ

Тағдир менен менде жулыстым...
Сууық желдей тийди өңменге,
Себебинен қанлы урыстың
Ел-журтыма болдым шерменде.

Ғазеплерим мениң урысқа,
Өмиримди мениң майырды.
Зил кеселин шашты ырысқа,
Өзегиме ууы жайылды.

Сөйлеп турған жаңағы адам
Жаслайымнан басты қосқаным.
Дәртим оның дәртинен жаман,
Оннан бетер болып ақсадым.

Жаны оның пидалар болып,
Алданып ол муҳаббатынан,
Аяқ-қолдан жудалар болып,
Ғарип, не ҳалларға шатылған!

Адам еди саўлат-көрикли,
Шырайына сарғыш ендирген...
Оның қолы шолақ болыпты,
Оннан бетер шолақ болдым мен.

Қалғаны ушын муҳаббат солып,
Тигиң маған қаҳәриңизди.
Кеткенлигим ушын жат болып,
Шашың маған зәҳәриңизди.

Тура алмадым берген сөзимде,
Негизинде бирақ суйип ем.
Қырық төртинши жылдың гүзинде
Кетип қалдым оның үйинен.

Буған енди жалғыз мен емес,
Алыс-алыс ара айыплы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қара қағаз..—яқ, яқ, ол емес!
Мен маңлайы қара айыплы!

Қуўанғанда кетип қалғаным
Жанларына тасгай батпайма!
Басқа биреўлерге аўғаным
Мылтық болып оны атпай ма?

Муҳаббаттың жыллы уясын
Бузып алдым, муң бар үнимде.
Арқаладым аўыр гүнасын,
Ишим ийт жыртқандай бүгинде.

Ол қорғаса ўатан намысын,
Үйин қорғай алмадым ҳәтте.
Опадар болмадым яр ушын,
Болғаны ғой пәмимниң ләтте!

Безгенлигим ушын некеден,
Кеткенлегим ушын батырдан,
Журдай болып ярдан, бөкеден,
Бүгин муңлы, ғамгүн қатынман.

Ойлап едим оған ҳеш ўақта,
Көринбейин,дарымайын деп.
Ушыратып бүгин тосаттан.
Сөйлеп турман жарылайын деп.

Өз айыбым өзимди урды,
Алса қайтып тийер едим мен,
Бола алмадым балдағы қурлы,
Яры қусап сүйемедим мен...

Кеўлиндеги даглары ушын
Текте мени, мени айыплаң,
Оның жалғыз қалғаны ушын
Текте мени, мени айыплаң!

Оның жарты кеўилин пүтин
Етпегеним ушын айыплаң,
Елдиң жақсы дәстүрин тутып,
Кутпегеним ушын айыплаң!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оның өмириниң даўамы
Болмағаным ушын адамлар,
Болмағаны ушын балалы
Жүрегиме найза қадаңлар!

Қалдым елде жесир-жетим боп,
Қашты мениң әбден сықылым,
Журтқа қарар мениң бетим жоқ,
Айтып турман таўып утырын.

Гүнам аўыр мениң,жан дослар,
Бола алмадым оған опадар.
Кеширмеңлер мени қурдаслар,
Кеширмеңлер мени, апалар!

* * *

Усыларды айтып ол ҳаял,
Егил-тегил болып жылады,
Кеўил дәртин еттиде баян,
Ет бетинен таслап қулады.

Бултлар келип күн батар беттен,
Жамғыр жаңа басланып еди.
Жамғыр емес, жерди сел еткен
Мисли көздиң жаслары еди.

Ол ҳаялды дәрҳал сол маңда
Алып кетти сүйеп жигитлер,
Қанша набыт болған әрманлар,
Қанша набыт болған үмитлер!

Сол бир естеликтиң алдында
Жаўар еди жамғыр қуйылып.
Аспанның да, адамлардың да
Турар еди қабағы үйилип.

Ветеранлар сөз сөйлегенде,
Турар еди толқып аламан.
Аўыр ойға берилдим менде,
Көз алдыма келди жан ағам...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПОЧТАЛЬОН

...Жазыў ушын жүрек жарасын
Сағынышлы хатлар тасыдым.
Хатлар излер еди анасын.
Хатлар излер еди ашығын.

Мен тасыдым шадлық хатларын,
Алып жүрдим гейде „қара хат".
Түрли босағадан атладым,
Жүреклерге салдым жарахат.

Үш мүйешли хатты ашқанда,
Қуўантарем кемпир-ғаррыны,
Қайғылар да, қуўанышлар да,
Бир ийнимде турды барлығы.

...Қолларына жаңағы ҳаялдың
„Қара қағаз" неге услаттым?
Өкинемен еле соған дым.
Жаўынгердиң үйин музлаттым.

Ол киси тур мине, жанымда,
Жалғызлықтан жаны жаныққан,
Ырасымды айтпағанымда
Болмас еди бундай ғарип ҳал.

Жүрер еди қырдан қайығы,
Мен өтирик сөйлеп келгенде,
Ол кисиниң сүйген зайыбы
Болмас еди бүйтип шерменде.

Алдамадым неге пәми азды,
Еле жүрмен соған өкинип.
Неге бердим қара қағазды!
Сөйлемедим неге өтирик!

„Қара қағаз" емес, үйлерге
Партлайтуғын „бомба" апардым.
Аўырманлык жатты сийнемде,
Көтере алмай зорға апардым.

Қағаз жеңил болғаны менен,
Мениң ушын болды аўыр жүк.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Болмайтуғын шығар дедим мен
Шойында да бундай аўырлық.

Гезип журдим иргеме-ирге,
Ҳәрбир ҳәўли, есикке келдим.
Сағынышлы хат пенен бирге
Журт қайғысын қосып көтердим.

Той, азадан аўқат иштим мен,
Ақ қағазды аштым, сыр аштым,
Шадлығына қуўаныстым мен,
Қайғысына бирге жыластым.

Улын үйде күткен аталар
Көзде жасы моншақлар еди.
Жалғызындай көрип тап олар,
Мени қатты қушақлар еди.

Азаларға дөнип аслары,
Жылар еди, басқа не шара?
Жылар еди қарындаслары,
Жылар еди ана бийшара.

Аўыр еди урыс жыллары,
Аўыр еди хатлар да ҳәтте.
Қуўар еди аўыл баллары
Шықылықлап турса бир ҳәкке.

Аўыр еди маған жанларым,
Аўыр еди маған хат тасыў.
Шолақ болмаған да қолларым
Журер едим тасып пахтаны.

Аўыр еди маған хат бериў,
Аўыр еди оқыў ырасын...
Аўыр еди бәрин жеткериў,
Аўыр еди маған жыласыў.

Қыйын еди маған, шынында,
Алып келиў суўық хабарды.
Зар жылатыў түсер буўынға,
Жумсамаған неге самалды?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жумсамаған неге басқа бир,
Мақлуқларды яки қусларды?
Жумсамаған неге тас бауыр,
Ирехимсиз жауыз душпанды?

Урыс деген толы от деймен,
Жақсы хабар болғай жумысың.
Ҳәр есикке қайғы жеткерген,
Урыс атаулысы қурысын!

* * *

Бәлентликте тастан қоршалған
Жау-жарақлы солдат турыпты.
Қаҳәр-ғазеп пенен жасанған,
Бир айбатлы саулат турыпты.

Мен көремен оның қасында
Айланшықлап жүрген ғаррыны.
Кемпир жүрер айналасында
Ағараңлап аппақ жаулығы.

Мен бараман руҳый байып,
Екшембиде яки шембиде.
Сөз сөйлеген баяғы майып
Қатып қалған яңлы кеулиме.

Қыялымда сол майып киси
Еле-еле сөйлеп турғандай.
„Қурысын бундай болған урысы,
Ауҳалымды көр“ деп турғандай.

Қыялымда баяғы ҳаял
Орнынан қайтып турғандай.
Ақыбетин урыстың жаман
Қайта қозғап айтып турғандай.

Почтальон да сөйлеп тырысқан
„Журт жәбири көп“ деп турғандай
„Хат тасыдым, қанлы урыстан
Бауыры пүтин жоқ“ деп турғандай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол елести есиме салып,
Пәрўаз алып қыял қусынан,
Мен өтемен ойларға талып,
Сол бир естеликтиң тусынан,

Тас жаўыңгер әлле қайларға
Ғазеп тигип қарап турады.
Мәңгилик от жанар майданда.
Жүрегимди жалап турады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ

### 1 Пикирлер дүньясы


Ленин қалеми . . . . . . . . 3
Ўатан . . . . . . . . 3
Нур ҳаққында қосық . . . . . . . . 4
Пүтинлик . . . . . . . . 4
Таслардың гәўҳарға айланғанындай . . . . . . . . 5
Ленин ҳәм герб . . . . . . . . 7
Күлки деген мүлки бар . . . . . . . . 8
Шифонери толмаса да . . . . . . . . 9
Адам көзден . . . . . . . . 9
Ана жердиң гиясы . . . . . . . . 9
Беккем зат жоқ . . . . . . . . 10
Қатаң жыллар еди . . . . . . . . 10
Бир тамшы шықты көрдим . . . . . . . . 11
Сағынғанда . . . . . . . . 12
Жақсы . . . . . . . . 12
Қағаз ҳәм ҳәрип . . . . . . . . 13
Биреў санар . . . . . . . . 13
Кеўиллерди мүмкин . . . . . . . . 14
Шөл бүлбили . . . . . . . . 14
Не аўыр . . . . . . . . 15
Коммунистлик бийиклик . . . . . . . . 16
Шайыр тәбияты . . . . . . . . 16
Жүрек . . . . . . . . 17
Елден артық болған жоқ . . . . . . . . 19
Көз жаслар . . . . . . . . 19
Я, тоба . . . . . . . . 20
Шыдамлылық . . . . . . . . 21
Гүлдир-гүлдир кисинер жәниўар . . . . . . . . 22
Аяныш . . . . . . . . 23
Антей . . . . . . . . 23
Төртликлер . . . . . . . . 24
Таўлар уллы болған сайын . . . . . . . . 26
Мийнетсиз даңқлардан дәме етпе сен . . . . . . . . 26
Намыс . . . . . . . . 26
Қызғанып-ақ . . . . . . . . 27
Бердақ . . . . . . . . 28




www.ziyouz.com kutubxonasi

Рус тили . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 28
Гейде өтирик сөйлеп . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29
Өкпелеп қаламыз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29
Уллы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29
Бул заманда . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 30
Гейбир сөзди . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 30
Мениң жаным өмир шайдасы . . . . . . . . . . . . 31
Гүллениў тилеймен . . . . . . . . . . . . . . . . . . 31
Ойлар едим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
Биз өмирди жаратыўшымыз . . . . . . . . . . . . 32
Дүньяда сөзлер бар . . . . . . . . . . . . . . . . . 33
Болмайды . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 34
Жақсыларға . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 34
Достым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 34
Инкарлық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 35
Нан ҳаққында қосық . . . . . . . . . . . . . . . . 36
Жан қыйнамай жанана жоқ . . . . . . . . . . . . 38
Елден гина табылмас . . . . . . . . . . . . . . . . 38
Ерли-зайыплылық . . . . . . . . . . . . . . . . . . 39
Диагноз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 40
Дүнья . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 40
Мен саған ҳайранман . . . . . . . . . . . . . . . 42
Дәреже . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 42
Гейпараларды ойлап . . . . . . . . . . . . . . . . 43
Гейбиреўлер шәлтийсе . . . . . . . . . . . . . . . 44
Артымда биийпайда күнлер . . . . . . . . . . . . 44
Қулақ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 45
Кеўилинде қонбай-ақ . . . . . . . . . . . . . . . . 45
Әпиўайы болсаң . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 45
Аўыр дейсең . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 46
Жаным сезип . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 46
Тәўекелши . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 46
Адамлар, адамлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . 47

## 2 Эпиграммалар

Жуўқылдаққа . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 47
Қыйқымға . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 48
Қызғаншақ гөркаўға . . . . . . . . . . . . . . . . 48
Сықмар ашкөзге . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 48
Өсекшиге . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 49
Жарымас . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 49
Жаңа қуяш . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 50
Аппақ дүнья . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 50
Жас лениншилер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 51
Досларым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 52
Болмаса . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 52
Елим ушын . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 53
Балам келсе . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 53
Алғысым көп ерлерге . . . . . . . . . . . . . . . . 53
Рахмет, сизге бүгин . . . . . . . . . . . . . . . . 53
Муҳаббат гүли . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 54



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Бәҳәр сени сағындым

Сени қашшан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 55
Елпең-елпең ушып . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 55
Өз тахтынан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 56
Болғаны жақсы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 57
Бәҳәр самаллары . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 57
Жуўсан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 58
Сылдыр-сылдыр суў ағар . . . . . . . . . . . . . . 58
Ақ тал . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 59
Сендей бәҳәрим, болмаса . . . . . . . . . . . . . 59
Жаўын . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 60
Гүлдей болып күлимлеп . . . . . . . . . . . . . . 61
Сениң ҳәр келгениң . . . . . . . . . . . . . . . . . 62
Мениң кеўлим усар . . . . . . . . . . . . . . . . . 62
Сени сүйген бәҳәрим . . . . . . . . . . . . . . . . 63
Мен билемен гүлди сыйлаўды . . . . . . . . . . . 63
Бәҳәр, сениң кешиккениң . . . . . . . . . . . . . 64
Ериклер гүллегенде . . . . . . . . . . . . . . . . . 64
Жап бойында сүйрик шығып . . . . . . . . . . . . 65
Балалықта . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 65
Бәҳәр сезимлери . . . . . . . . . . . . . . . . . . 66
Ғыр айланам . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 67
Қуўанаман . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 67
Тутасыў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 68
Кеўил . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 70
Бүгинлери дийқан көзинде . . . . . . . . . . . . 70
Туўысқанлық қосығы . . . . . . . . . . . . . . . . 71
Ана деген жарықлық . . . . . . . . . . . . . . . . 72
Нәзер салың . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 73
Заманымыз зыяда . . . . . . . . . . . . . . . . . . 73
Дәўран бизики . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 74
Дәртли болып қалды . . . . . . . . . . . . . . . . 75
Жақсы нийет . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 75
Сыр ашайын ба . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 77
Қутылыўдың жолы . . . . . . . . . . . . . . . . . 78
Гүзги қуўанышлар . . . . . . . . . . . . . . . . . 78
Мен сүйемен айлы ақшамды . . . . . . . . . . . . 80
Әмиўим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 81
Көкирек ҳалласламас бурынғыдай . . . . . . . . 82
Жийен қызға . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 83
Ашылса егер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 84
Сары иренлерди сүймесем . . . . . . . . . . . . . 84
Ҳәр атызда . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 85
Шашылып атыр жерде . . . . . . . . . . . . . . . 86
Қосығымда гүл ийиси . . . . . . . . . . . . . . . . 86
Тумаў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 87
Халқым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 87
Байрамың мүбәрек . . . . . . . . . . . . . . . . . . 89
Мурын . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 91
Дәўир ғаррысы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 91
Салаўаттың естелиги . . . . . . . . . . . . . . . . 93
Самал сазенде . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 93



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еслеў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 94
Қарацғы түнди . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 95
Қандай жақсы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 95
Ветеран солдат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 96
Бүркит . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 97
Төрт қызға ҳәзил . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 98
Жүрегим сөйлер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 98
Алғыс айтып . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 99
Архитектор қыз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 99
Ат орнына . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 100
Мен он жети жасар едим . . . . . . . . . . . . . . . . . . 100
Жақсылар бәрҳа қадирли . . . . . . . . . . . . . . . . . . 101
Гейбиреўге кемпир десең . . . . . . . . . . . . . . . . . 102
Қалемлес өзбек шайырларына . . . . . . . . . . . . . . . 102
Дүньяда теңиз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 103
Өзиңдей жаныма жақын . . . . . . . . . . . . . . . . . . 103

3 Поэма

Урыс дәртлери . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 105

*На каракалпакском языке*

**Тулепберген Матмуратов**

**ЦВЕТНИК МЕЧТЫ**

*Издательство „Каракалпакстан"*
*Нукус—1981*

Редактор *Б. Қайыпназаров*
Художник *Ж. Изентаев.*
Худ редактор *И. Қыдыров*
Тех редактор *Е. Ерекеев.*
Корректор *Д. Асқарова*

ИБ 1298

Териўге берилген ўақты 13/III-1981-жыл. Басыўға рухсат етилген ўақты 22/X-1981 жыл. РК № 30197. Қағаз форматы 84x108 1/32.
Көлеми 4,125 баспа табақ. 6,93 шәртли баспа табақ.
5,0 есап баспа табақ. Тиражы 3000 Баҳасы 80 т.
„Қарақалпақстан" баспасы. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9

ҚҚАССР Баспа полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң „Правда" ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты Заказ 195



www.ziyouz.com kutubxonasi